ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№112 (23.520) ● 2017 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 16, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмкіэ, псэупіэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэхэмкіэ и министерствэм и унафэм щіэт къэрал кіэзонэ, бюджет, автономнэ Іэухущіапіэхэм я лэжьакіуэхэм я улахуэр зэрырат положеннэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м №105-ПП ***Налшык къалэ***

«Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщіэнымкіэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъакІа Указ №597-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ, бюджет, автономнэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакіуэхэм я улахуэ тыкІэр отраслевой системэм хуэгъэкіуэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2008 гъэм шыщхьэуІум и 19-м къыдигъакІа унафэ №196-ПП-м япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмкіэ, псэупіэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэхэмкіэ и министерствэм и унафэм щіэт къэрал кІэзонэ, бюджет, автономнэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакіуэхэм я улахуэр зэрырат положеннэр къэщтэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащіэм кіэлъыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

3. Мы унафэр ехьэлІащ 2017 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ къэхъуа хабзэ зэхущытыкІэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

УПУТИН Владимир:

Си дежкІэ нэхъыщхьэр ди цІыхухэм я гукъыдэжымрэ псэукІэмрэ зыхуэдэр къэсщІэнырщ

Урысейм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ телевизионым занщІэмкІэ жэуап яритащ ди къэралым и цІыхубэр зыгъэпІейтей упщІэхэм.

УФ-м и «Первый», «Россия 1» канал нэхъыщхьитІым зэгъусэу къыщІэрагъэпэщ телевизионым занщІэм къарагъэблэгъат депутатхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, актёрхэр, режиссёрхэр, медицинэм, мэкъумэш ІэнатІэм пэрытхэр, егъэджакІуэхэр, спортсменхэр. Мыгъэрей телевизионым занщІэм къакІуэ упщІэхэр махуэ 11 ипэкІэ зэхуэхьэсын щІадзащ, псори зэхэту къапщтэмэ, махуэкум ирихьэлІэу абыхэм я бжыгъэр мелуанитІым нэблагъат. Псом нэхъыбэу цІыхухэм къагъэсэбэпар телефонырщ (упщІэ мелуан), коллцентрым смс ирагъэхьащ цІыху мин 400-м, Президентым и сайтым тхыгъэ мин 170-рэ ятхащ, социальнэ сетхэмкІэ мин 30 яІэрыхьащ. Къэралым и лІыщхьэм видеокІи зыхуэбгъазэ хъуну зэтраухуат, къищынэмыщІауэ, Урысейм и хэгъэгухэм тыншу зыпащІэрт, каналхэм я лэжьакІуэхэр щыпІэ хэхахэм щылажьэрт, нэтыныр здекІуэкІыкІи иджыри къагъэхь упщІэхэр экраным къытридзэрт.

УпщІэхэм я нэхъыбэр зытеухуар уасэхэр зэрыхэхъуэрщ, псэукІэр нэхъ гугъу зэрыхъурщ, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэзэхэм, медицинэ хуэІуэхущІэм гугъуехь куэдзэрыпыщІарщ. Ауэ псэукІэм лІабжьэ хуэхъу экономикэмкІэ яублащ псалъэмакъыр. Тележурналист Борисов Дмитрий Президентым япэу зэрызыхуигъэзар аращ: «Иужьрей зэманым ди экономикэм гугъапІэфІэкІэ ирапх! ЖыпІэ хъуну пІэрэ экономикэ кризисыр къызэдэкІауэ» Путиным и жэуапым къыхэщІащ экономикэм и зыужьныгъэр къыщыдэтеувыІауэ щыта пІалъэр къызэдэкІауэ зэрыжьІам пысщэнщи, иужьрей мазибгъум экономикэр йофІакІуэ, ВВП-ми, мащІэми, хэхъуэ иІэщ. Ерыскъыхэкі ІэнатІэр къапщтэмэ, япэ мазищым процент 0,7-кІэ хагъэхьащ. Мыпхъу нэхъыщхьэм халъхьэ инвестицэм и гугъу пщІымэ, проценти 2,3-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Автомобиль бжыгъэу ящамрэ ипотекэ кредитымри къагъэлъагъуэ экономикэр зэрефІакІуэр. Макроэкономикэ щытыкІэм тещІыхьауэ упсалъэмэ, Урысейм и иджырей тхыдэм щыпІэу инфляцэр щыкІуащ, нобэкІэ ар проценти 4,1-рэ хъууэ аращ. Мыхьэнэшхуэ зиІэхэм ящыщщ мыпхъу нэхъыщхьэм хэтлъхьэ инвестицэр экономикэ зыужьныгъэм нэхърэ зэрынэхъ «жэрыр». Экономикэр мазиплІым процент 0,7-кІэ хэхъуамэ, инвестицэр проценти 2,3-кІэ ефІэкІуащ. Къыхэгъэщын хуейхэм ящыщу кІыхьэлъытэ, сабий кІалъхуагъащІэу лІэжхэм я бжыгъэр 2000 гъэ лъандэрэ хуэдищкІэ, лъхугъэм илыкІ анэхэр хуэдиплІкІэ нэхъ мащІэ зэрыхъуар. Нэхъапэм цІыхухэр илъэс 70-кІэ псэууэ къалъытэу щытамэ, иджы 72-рэ хъуащ. Мис абыхэм къыджаІэ кризисыр къыздэсыгъэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Дыгъуасэ

КІуэкІуэ Юрий и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьэнущ наркоманиер щымыгъэІэнымрэ наркотикым дихьэхахэм дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ 2018 - 2023 гъэхэм ятещІыхьа программэ зэхэт

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий Правительствэм и Унэм дыгъуасэ щригъэкІуэкІащ Наркотикым пэщІэтыныгъэкІэ комиссэм и зэІущІэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Т., Правительствэм и Унафэщі Мусуков А., Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ федеральнэ инспектор Мэкъуауэ Т., КЪБР-м Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэнщагъэмкІэ и советым и секретарь Татуу Къ., министерствэхэм, ведомствэхэм, хабзэхъумэ, къаурэхьэ Іэнатіэхэм, муниципальнэ щІынальэхэм я унафэщІхэр, жылагъуэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, щагъэхъуж Іуэхущіапіэхэм я лІыкІуэхэр.

КЪБР-м Граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм ядэлэжьэныкъо лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и управленэм и унафэщым и къуэдзэ **Герговов Дж.**, республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр **Емуз Н.**, Къэбэрдей-Балъкъэрым узынщагъэр хъумэныкІэ и министр **Расторгуевэ С.**, Аруан, Шэджэм районхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэу **Куэшей А.**, **ТекІушэ А.** сымэ я къэпсэлъэныгъэхэм едэІуа нэужь, КІуэкІуэ Ю. къыхигъэщащ хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэрызэрагъакІуэм къыхэкІыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щІапхъэджагъэу щалэжьаущ щатхар, Іуэхур нэхъыфІ хъууэ хуежьа пэтми, куэду къызэрыпэр. Абы къыхэкІыу къыхалъхьащ наркоманием ебэныным ехьэлІа лэжьыгъэм щІагъэхуэбжьыну, наркотикым пэщІэтыныгъэм щыІэ комиссэхэм къапыкІым хагъэхъуэну, ведомствэхэм зэрызэпыщІар ирагъэфІэкІуэну.

«Мэлыжьыхьым и 28-м зэхэта ШынагъуэншагъэмкІэ Советым Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир щхьэхуэу къыхэгъэщащ ФСКН-м и къалэнхэр МВД-м зэрыратар къалъытэу, властымэ щІыпІэ самоуправленэмэрэ я органхэр, граждан жылагъуэр зэрызэдэлажьэм и фІагъым хагъэхъуэн зэрыхуейр», - жиІащ КІуэкІуэм.

Социальнэ унэтІыныгъэ зиІэ жылагъуэ институтхэм наркоманием пэщІэтыныгъэкІэ я мыхьэнэм я гугъу щищым, республикэм и Іэтащхьэм гу лъаригъэтащ абыхэм я зэфІэкІыр нэсу къызэрамыгъэсэбэпым: «ИрагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэр закъуэтІакъуэщ, проект яГъэзащІэхэр зытещІыхьар пІалъэ кІэщІщ икІи, куэдрэ къызэрыхъуащи, республикэпсо щынхабзэ, спорт Іуэхугъуэхэмкіэ, баннерхэмрэ плакатхэмра фІэдзэныкІэ къэбзыхьащ. Мыбдежьым дэ дызэлэжьыпхъэр куэдщ, абыхэм ящыщ щІэпхъаджагъэу щытыпхъэщ».

ЕгъэджэныгъэІуэхущіапіэхэм я гугъу щищым, КІуэкІуэ Юрий тепсэлъыхьащ ныбжьыщІэхэм я деж узыщрихьэлІэ латентнэ наркоманием, ар пасэу къыщІэгъэщын зэрыхуейм: «Дэ тщІэну ди къалэнщ Іуэхум ипэжыпІэкІэ и щытыкІэр».

Диспансер Іуэхущіапіэхэм я материально-техникэ лъабжьэр егъэфІэкІуэным, сымаджэхэр зэрагъэхуж, къызэрызэфІагъэувэж нобэрей Іэмалхэр къэгъэсэбэпыным, район медицинэ Іэнатіэхэр Іэщіагъэлі-наркологэмкіэ къызэгъэпэщыным и телъхьэу КЪБР-м и Іэтащхьэр къэпсэлъащ.

КЪБР-м и Правительствэм къалэн щащІащ щыщхьэуІум и 15 пщІондэ наркоманиер щымыгъэІэнымрэ наркотикым дихьэхахэм дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ 2018 - 2023 гъэхэм ятещІыхьа программэ зэхэтым и проектыр къыхилъхьэну. А лэжьыгъэм хэтыну хуагъэлъэгъащ КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм, хабзэхъумэ органхэм, Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэншагъэмкІэ советым, республикэм и дин Іуэхущіапіэхэм, граждан жылагъуэм и институтхэм. «Мыбы теухуауэ длэжьхэм быдзу егупсысыжьын хуейщ. Іуэхум и щытыкІэр кууэ къэпщытэжауэ, программэ документ гъэхэзырыпхъэщ, наркоманием пщІэтыным фэрыщІагъ псори хигъэкІыу, псоми я къалэныр здынэсыр къагурыІуэу», - жиІащ КІуэкІуэ Юрий.

КЪБР-м и Премьер-министрым къалэн щащІащ наркоманием пэщІэтыныгъэкІэ, наркотикым дихьэхахэр гъэхъужьныным жылагъуэм къыхэшэжьыным ехьэлІа лъэпкъ щІыналъэ Іуэхугъуэхэр къызэрызэрагъэпэщым, Благовещенскэ посёлкым щаухуэ профильнэ центрыр ухыным езыр кІэльыплъыну.

Зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэ псоми теухуауэ, дагъуэ хуащІахэмрэ дыщІагъужажэмрэ къалъытауэ, унафэ зыубгъуа къащтащ.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Хабзэ

ХьэлыфІ яхуохъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурор Жариков Олегрэ КЪБР-м Хьэрычэтыщіэ лэжьакіуэхэм я хуитыныгъэхэм къыщхьэщыжьынымкІэ щыІэ уполномоченнэ Афэщіыжь Юрийрэ зэгъусэу щыхуэхэр ирагъэблагъащ.

СЫХЬЭТИТІЫМ къриубыдэу хьэрычэтыщІэ Іэнатіэм пэрыт щыхуипщІым прокурорымрэ бизнес-омбудсменымрэ зыхуагъэзащ. Абыхэм къалъытэрт я хуитыныгъэхэр къызэпаудауэ.

Мэкъумэшыщіэ-фермер хозяйствэм и Іэтащхьэ Ж. 2017 гъэм и щІышылэм хьэрэмыгъэ халъхьэри, гъэзэкъакъым гъавэщІапІэ бэджэнду къэІиихьынымкІэ зэгурыІуэныгъэ ярищІылІэным теухуауэ хуитныгъэ къахьыным щІэбэнхэм я зэпеуэм.

Уполномоченнэмэ, апхуэдэу КЪБР-м и прокуратурэми, Федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущіапіэм КЪБР-м щиІэ и къудамэми зэуэ захуигъэзащ. Иужьрейхэм зэпеуэр къызэзыгъэпэща къуажэ администрацэм и лэжьыгъэм халъэгъащ Федеральнэ законодательствэр къызэрызэпаудар. Дэтхэнэ Іуэхущіапіэри тхьэусыхэфэм пэджэжащ икІи къагъэуващ хьэрычэтыщІэм хабзэкІэ иІэ хуитныгъэхэмрэ и сэбэн зыхэлъхэмрэ зэфІагъэувэжыну. Абы и жэуапу щІыпІэ адміністрацэм бэджэнд зэгурыІуэныгъэ щІызэдауэ а щІы Іыхьэм щІэбэн нэгъэущІым ирещІылІэ икІи КЪБР-м Арбитраж судым хуотхьэусыхэ. КЪБР-м и прокурорым зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ щытыкІэ щызэфІэуВам деж судым мы Іуэхум Унафэ тращІыхьын хуейщ.

2014 гъэм къыщыщІэдзауэ хьэрычэтыщІэ А. хущІокъу газ къыхуэзыІтыпщым тхьилъымпІэ нэпцІкІэ лейуэ Іиха сом мелуаницыр зыІэригъэхьэжыну. Лей зэрытехьар нэрылъагъуми, зыхуэфащэ Іуэхущіапіэхэм ар щІэпхъаджагъэу къалъытэркъым. КЪБР-м и прокурорым къигъэуващ Іуэхур кууэ зэхагъэкІыу унафэ тращІыхьыну. Апхуэдэу абы езым и лэжьэгъухэм пщэрылъ ящищІащ республикэм и Май районым щыщ мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэр апхуэдизрэ къыщІапщытэм и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІыну.

Арщхьэкіэ Іуэху языныкъуэхэм прокурорыр хэпльагъэхэкрхьым. ХьэрычэтыщІэ 3. тхьэусыхэрт мороженнэ щащэ сату щІыпІэр игъэувыну хуит зыщІ зэпеуэм кърикІуахэр имыдУж. Абыкіи хэубар иригъэщІащ Федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущіапіэм КЪБР-м щиІэ къудамэм. ЩІыІэ хабзэм ипкъ иткІэ прокуратурэр мы Іуэхум щыхьыхьэфынур зи гугъу тщІа къудамэм унафэ тращІыхьа иужькІэщ.

Зэпеуэ лІэужьыгъуэхэр щрагъэкІуэкІкІэ хьэрэмыгъэ зэрыхалъхьэм гу лЬитащ уполномоченнэм. 2016 гъэм кърикІуахэм теухуауэ абы ищІа докладым мы Іуэхум увыпІэшхуэ щиуфыдащ.

ЦІыхуэхэр зыщІэупщІахэм жэуап тэмэмхэр ягъуэтащ, абыхэм чэнджэщ зэмылІэужьыгъуэхэр ирагащ.

КЪБР-м и прокурорымрэ уполномоченнэмрэ хьэрычэтыщІэхэм я хуитныгъэхэр, хабзэкІэ я сэбэн зыхэлъхэр яхъумэным ехьэлІа Іуэхухэмкіэ щІыхуэхэр зэгъусэу ирагъэблагъэнырэ хьэлыфІ яхуохъу. Апхуэдэ къыкІэлъыкІуэ зэІущІэр щыщхьэуІу маздэм республикэм и районхэм ящыщ щым щрагъэкІуэкІынущ.

БИЖО Майе.

КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэ иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщі Мусуков Алий.

ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хэтхэр хэпльащ социально-экономикэ Іуэхухэм, щІыналъэм хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэмрэ къыщыщІэзыгъакІ Іуэхущіапіэхэм ядэІэпыкъуным, нэгъэущІ унэтІныныгъэ зыбжанэм. ЗэІущІэм къыщызэдащтащ 2034 гъэ хъуху КЪБР-м щрагъэкІуэкІыну лэжьыгъэхэм ятеухуэ хуэнафэр.

УФ-мрэ Китаймрэ я правительствэхэм я унафэщІхэр Санкт-Петербург щызэхуэзэу, сату-экономикэ зэпыщІэныгъэхэр, щыІуэпсым и щытыкІэр, щІыхуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным къэралитІым я зэфІэкІ халъхьэну зэгурыІуэныгъэ Іэ зытредзам ипкъ иткІэ, «Этана» промышленнэ Іуэхущіапіэр къыщыщІэзыгъакІ лъэныкъуэ псори къызэщІэзыубыдэ зыужьныгъэ лэжьыгъэхэм я проектыр къащтащ.

Хьэпшыпл зэмылІэужьыгъуэхэр къыщыщІагъэкІ Іуэхущіапіэхэр республикэм къыщызэІуихыным, апхуэдэ ІэнатІэхэм мылъку хэлъхьэным пыща хабзэхэр зыхуэи хуэгъэзэным хуэунэтІат «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм инвестицэм и Іуэхукіэ» Законым хальхьэжа зэхъуэкІыныгъэхэр. Абы къыхэзщІеубыдэ промышленнэ Іуэхущіапіэм и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ я унафэр зезыгъакІуэхэмрэ налогкІэ льготэ яІэнымрэ налогыр нэхъ мащІэ ящІынымрэ теухуар.

КЪБР-м Ухьишагъэр хъумэныкІэ и министерствэм утыку кърихьащ «ФІэкІыпІэнщэ медицинэ страхованэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ фондым 2017 гъэм иІэ мылъкымрэ 2018 - 2019 гъэхэм хухахынымрэ и Іуэхукіэ» КЪБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэн щІыхуейм и щхьэусыгъуэхэр. Псалъэм папщІэ, фондым убзыхуауэ иІэ страховой гъэтІылъыгъэм щыщу илъэсым хуэзэ мардэр хагъэхъуащ сом мин 538206,1-м нэблагъэу. КъищынэмыщІауэ, кьахэхъуэмрэ цІыхуэхэм ират социальнэ дэІэпыкъуныгъэм трагъэкІуадэмрэ зэхэту техуэ ахъшэр нэхъыбэ ящІащ, медицинэ лэжьакІуэхэм я Іэщіагъэм хагъэхъуэнымрэ Іэмэпсымэщіэ къащхэунымрэ мылъку нэхъыбэ хухахащ.

Гулъытэ хэха зыхуащІахэм ящыщ «Къалэ пархэр», «Щэнхабзэм и унэ», «Къалэ щІыуэпс» федеральнэ Іуэхугъуэхэм теухуауэ къэпсэлъащ а программэхэр зи нэІэ щІэт унафэщІхэмрэ Бахьсэн, Тырныауз, Тэрч, Прохладнэ щІыпІэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэмрэ. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, къыхуагъэува зэманым къриубыдэу тхылъымпІэ Іуэхухэр зэфІэкІынущ, и чэзуми лэжьыгъэхэр щІадзэн хуэдэу, ухуэныгъэхэр езыгъэкІуэкІыну Іуэхущіапіэхэм зэгурыІуэныгъэ ирагьІлІакІэщ.

КъыщынэмыщІауэ, КЪБР-м и къалащхьэм и пщІантІэхэмрэ утхэмрэ зэІуэзэпэщ зэращІынум зыхуагъэхъэзырын яухащ, мыгувэуи лэжьыгъэр щрагъэжьэнущ Налшык къалэм фэтэр куэду зэхэт унэ 80-м я пщІантІэхэм.

ЗэІущІэм унафэ щащІащ Тэрч щІыналъэр псы къабзэкІэ къызэгъэпэщын папщІэ, километр 32,3-рэ и кІыхьагъэу бжьэмий пхашыну. Республикэм и бюджетым къыхэкІыу 2017 - 2019 гъэхэм муниципальнэ щІыпІэхэм я сабий зыгъэпсэхупІэхэр зыхуэй хуагъэзэн щхьэкІэ хуаутІыпщыну мылъкым и гугъу ищІащ КЪБР-м лэжьыгъэмкІэ, щІыхуэр Іэнатіэхэмкіэ къызэгъэпэщыныр социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министр **Тюбеев Альберт**. Абы зэрыжиІамкІэ, щІыпІэ къэс зыхуэныкъуэ мылъкым щыгъуазэщ, ахэр зэрытрагуэшэну чэзури яубзыхуащ.

КЪБР-м гъыазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, композитор Жеттеев Мустафир илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуауэ ирагъэкІуэкІыну дауэдапщэкэм тепсэлъыхьащ КЪБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**.

ЗэІущІэм щыхэплъащ зэхъуэкІныгъэ зыхэлъхьэн хуей унафэ зыбжанэм икІи къэкІуэпІэкІэр зэдзэрэзыуэ абыхэмкІэ Іэ иІэтащ.

ФЫРЭ Анфисэ.

● ЗэІущІэхэр

Ди щІыналъэм и зэІуэзэпэщыныгъэм топсэлъыхь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмкіэ, псэупіэ-коммунальнэ, гъуэгу хозяйствэхэмкіэ и министерствэм и унафэм щіэт къэрал кІэзонэ, бюджет, автономнэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакіуэхэм я улахуэр зэрырат положеннэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2017 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м №105-ПП ***Налшык къалэ***

«Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщіэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъакІа Указ №597-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ, бюджет, автономнэ Іуэхущіапіэхэм я лэжьакіуэхэм я улахуэр зэрырат положеннэм къэщтэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ В. Хь.

3. Мы унафэр ехьэлІащ 2017 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ къэхъуа хабзэ зэхущытыкІэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі МУСУКОВ Алий

● ЖКХ

Къабзагъэм йогугъу

Псэупіэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ ди къалащхьэм и управленэм къыхуэкІуащ гъэзгу лэжьыгъэхэр къызэрырахьэлІэ «КамАз» автомашинэу 2. Ахэр къыщагъэсэбэпыныщ асфальт зытелъ къалэкІуэцІ гъуэгуэхэр зэІуэзэпэщ щыным икІи я лэжьыгъэр гъэм и кІыхьагъкІэ зэпеуныкъым.

ІЭМЭПСЫМЭ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ уэздэ КДМ автомашинэхэм гъэмахуэм гъуэгуэхэр ятхъэщІынущ, гъуэгуэгъуэм псы трауткэнущ, сабэр зэщІакъуэнущ, къалэр зэрагъэдэха уДз гъэгъахэм псы щаКІэнущ.

ЩІымахуэми автомашинэхэр ягъэувыжу щагъэтынукъым. АбыкІэ гъуэгу щтырыгъум пшахъуэмрэ шыгъумрэ тракІутэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм папщІэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфІхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2017 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм унэм ныфхуахьыну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІэдзныныр мэкъуауэгъуэм и 25-м зэриухыр.

Ди газетым илъэс ныкъуэм и уасэр сом 815-рэ кІэпІейкІи 10-рэщ.

Ди индексыр 51531

Си дежкIэ нэхъыщхьэр ди цIыхухэм я гукъыдэжымрэ псэукIэмрэ зыхуэдэр къэсщIэнырщ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Экономикэр зэрефIэкIуар цIыхухэм зыхащIэу щы-хъуныр дапщэщми и жэуапу Путиным къыхигъэщащ псэуКIэр къыздэкIуар, - жиIащ Президентым. - Сыт щхьэкIэ? Абы щхьэусыгъэшхэр иIэкъым, ауэ ар щыхьэт тохъуэ езы США-м и къэралкIуащI политикэм зэпэщIэуэвэнигъэкIэр зэрыщIэм. Дэ зыхэтщIа е санкцэхэр? ЗыхэтщIащ! Хуабжу зэран кьытхуэхъуа? Си гугъэкъым! США-м и Хэрал департаментым къызэрилъытэмкIэ, ди ВВП-м зы проценткIэ хэщIныгъэ кьратащ, ООН-м зэрыхуи-гъэфащэмкIэ, доллар мелард 50 - 52-рэ тфIэкIуэдащ, ауэ санкцэхэр кьытхуэзы-гъэува езы къэралхэр доллар мелардри 100-кIэ хилъэфащ. Абы кьегъэльагъэ «а Iэщэр» зыгъабзэхэми зэ-щIыныгъэ зэраIэр. Кьыхэ-гъэщIупхъэщ а Iэхъум дифI къыхэзыхкIари, ди къарурэ я акъылрэ хэтлъхьэри, Iэ-натIэ зэмылIэужьыгъуэхэм куэдкIэ зедгъэужьащ. Зэ-рыщыту кьапщтэмэ, а щы-тыкIэр щIагъуэу къэслыы-тэркъым, дунейпсо эконо-микэр апхуэдэ егъэзыгъэхэр хэмыту зэтеублэным делэ-жьын хуейщ».

Урысейм и канал нэхъыщ-лъытэурэ текъуэзэныгъэхэр къыхуагъэуву зэраублар. «Штат Зэгуэтхэм я Сенатым санкцэхэр нэхъ тKIий ящIыну законым и проект аргуэру къыщыхалъхьащ, - жиIащ Президентым. - Сыт щхьэ-кIэ? Абы щхьэусыгъэшхэр иIэкъым, ауэ ар щыхьэт то-хъуэ езы США-м и къэрал-кIуащI политикэм зэпэщIэу-вэнигъэкIэр зэрыщIэм. Дэ зыхэтщIа е санкцэхэр? Зы-хэтщIащ! Хуабжу зэран кьытхуэхъуа? Си гугъэ-къым! США-м и Хэрал департаментым къызэри-лъытэмкIэ, ди ВВП-м зы проценткIэ хэщIныгъэ кьратащ, ООН-м зэрыхуи-гъэфащэмкIэ, доллар ме-лард 50 - 52-рэ тфIэкIуэдащ, ауэ санкцэхэр кьытхуэзы-гъэува езы къэралхэр доллар меларди 100-кIэ хилъэ-фащ. Абы кьегъэльагъэ «а Iэщэр» зыгъабзэхэми зэ-щIыныгъэ зэраIэр. Кьыхэ-гъэщIупхъэщ а Iэхъум дифI къыхэзыхкIари, ди къарурэ я акъылрэ хэтлъхьэри, Iэ-натIэ зэмылIэужьыгъуэхэм куэдкIэ зедгъэужьащ. Зэ-рыщыту кьапщтэмэ, а щы-тыкIэр щIагъуэу къэслыы-тэркъым, дунейпсо эконо-микэр апхуэдэ егъэзыгъэхэр хэмыту зэтеублэным делэ-жьын хуейщ».

Урысейм и канал нэхъыщ-лъытэурэ текъуэзэныгъэхэр къыхуагъэуву зэрауб-лар. «Штат Зэгуэтхэм я Сенатым санкцэхэр нэхъ тKIий ящIыну законым и проект аргуэру къыщыхалъхьащ, - жиIащ Президентым. - Сыт щхьэ-кIэ? Абы щхьэусыгъэшхэр иIэкъым, ауэ ар щыхьэт то-хъуэ езы США-м и къэрал-кIуащI политикэм зэпэщIэу-вэнигъэкIэр зэрыщIэм. Дэ зыхэтщIа е санкцэхэр? Зы-хэтщIащ! Хуабжу зэран кьытхуэхъуа? Си гугъэ-къым! США-м и Хэрал департаментым къызэри-лъытэмкIэ, ди ВВП-м зы проценткIэ хэщIныгъэ кьратащ, ООН-м зэрыхуи-гъэфащэмкIэ, доллар ме-лард 50 - 52-рэ тфIэкIуэдащ, ауэ санкцэхэр кьытхуэзы-гъэува езы къэралхэр доллар меларди 100-кIэ хилъэ-фащ. Абы кьегъэльагъэ «а Iэщэр» зыгъабзэхэми зэ-щIыныгъэ зэраIэр. Кьыхэ-гъэщIупхъэщ а Iэхъум дифI къыхэзыхкIари, ди къарурэ я акъылрэ хэтлъхьэри, Iэ-натIэ зэмылIэужьыгъуэхэм куэдкIэ зедгъэужьащ. Зэ-рыщыту кьапщтэмэ, а щы-тыкIэр щIагъуэу къэслыы-тэркъым, дунейпсо эконо-микэр апхуэдэ егъэзыгъэхэр хэмыту зэтеублэным делэ-жьын хуейщ».

Урысейм и Президентым и Администрацэм и УнафэщIу, Пра-вительствэм и УнафэщIым и я ятIэ къуэдзэу, финансэ-хэмкIэ министру щIа, зэ-гъэущI къулыкъухэми и лъэхъэнэ зыбжанэкIэ пэрыта, 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ «Роснано» ОАО-м и унафэщI **Чубайс Анатолий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налышк пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщыхьынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18-рэ, жэщым градус 11 - 12 щыхьу-нущ.

Зыгъэхьэзырар
ДЖАТОКЪУЭ Залинэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гур кIуэдмэ, лъэр щIэкIкъым.

● ДифI догъэлъапIэ

ГъащIэм и джэрпэджэж

«Зи лэжьыгъэр фIыуэ зыльагъу егъэджакIуэр IэщIагъэлIыфIщ. Зи гъэсэнхэм хуэгумащIэр, абы адэ-анэ пэлъытэ яхуэхъур куэдкIэ нэхъыфIщ, тхьилъ куэд еджарэ щIэ-ныгъэ куу бгъэдэлъу, арщхьэкIэ зи Iэнатlэмри егъэджакIуэкъым зи гур хуэзIымыхам нэхърэ. Зи Iэщlагъэ-ри и нэIэм щIэт ныбжьыщIэхэри фIыуэ зыльагъуращ егъэджакIуэ нэскIэ уэздж хъунур». - жиIэгъащ урыс тхакIуэ цIэрыIуэ Толстой Лев. Ди тхыгъэр зытеухуа Къумахуэ (Щоджэн) Галинэ Андемыркъан и пхъум хужаIами ярейщ а псалъэ Iущхэр. А егъэджакIуэ щыпкъэм и гъащIэ псор тыхь хуищIащ щIэбIэм щIэныгъэ куу етынымрэ гъэсэныгъэ екIу ябгъэдэлъхьэ-нымрэ.

Къумахуэ Галинэ

ГАЛИНЭ Шэджэм районым хыхьэ Шэджэм Езанэ къуажэм (иджы Шэджэм кьалэ) кьыщалъхуащ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм кьыщыхъу хьыджэбэ цIыкIум пасэу мурад ищIат егъэджакIуэ хъуну. АбыкIэ щапхъэ хуэхъуащ къельытэ ноби фIыкIэ игу кьигъэкIыж и егъэджа-кIуэкэр. Апхуэдэхэт Дэбагъуэ Барэсбий, Мацевич Еленэ, КIаса Ли-лэ, Пщынокъуэ ТIутIэ, Мыхъур Алек-сандрэ сымэ. Аэрращ ныбжьыщIэм щIэныгъэ куу кьыбгъэдэзылъхьар, унэтIакIуэ хуэхъуар.

Курыт школыр екъулIэныгъэкIэ кьиуха нэужь, Галинэ адэ-анэм яжрIащ егъэджакIуэ IэщIагъэм хуеджэну зэримурадыр. Нэхъыжьхэм даIыгъащ быным и хьуэпсапIэр икIи ар КъБКъУ-м урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм льэпощхьэ-поунIэу щыщIэтIысхьэм, гушхуэны-гъэ ират зэпыту ирагъэджащ.

Студент гъащIэр щызэ ирихьэкIащ Къумахуэм. ФIыуэ зэреджэм кьы-дждуэу, ар жыдэхэру хэтащ универ-ситетым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм. Галинэ щытащ я курсым щызэхэт комсомол зэгухьэныгъэм и секретару, факультетым кьыщызэ-рагъэпэщ Iэхъугуэу купщIафIэ куэ-дым я зэхэублакIуэ, жэрдэмщIа-кIуэу.

ЩIыщIэхэр Кьэзахъстаным кьы-щыIэтыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр я гуащIэгъуэу екIуэкIыт 1957-1958 гъэ-хэм. Я адэ-анэхэм я арэзыныгъэкIэ ди щIалэгъуалэм ящыщ куэд хэ-тауэ щытащ къэралпсо мыхьэнэ зиIа а Iэхъугъуэшхэм. Гукъыдэж эи-Iэкэр куэд хъурт, арщхьэкIэ комсо-мол путёвкэ зрагъэ нэхъыбэ дыдэ-хэрати, абыхэм яхэхуа Галинэ дуней гуфIэгъуэр иIэт. Хуабэмрэ жьыбг-гъэмэ, сабэмрэ пшахъэмэрэ я щIы-налъэм гъэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэ мазэхэр щагъэкIуащ студентхэм, жэщ-махуэ ямыщIэу лэжьыгъэм пэрыту, гуэдз бгъуар экIуэдыкIын-шIэу къэралым и гуэныкI икIуэным хущIэкIуэ. ЩIалэгъуалэм я гуащIэдэкI хьэлэлым пышэкIуэуэ щытащ япэ къэрал дамыгъэхэри. 1957, 1958 гъэхэм щIыщIэхэм щы-лэжьа студент гупым я бгъэгухэм щыыладат «ЩIыщIэр къызэраIэтам папщIэ» медалхэр, ВЛКСМ-м кьыбгъэдэкI щитхъу, фIыщIэ тхыпI-хэри хуагъэфэщат. Апхуэдэ гупыитэ льагэ зыхуащIахэм яхэтащ адыгэ пщащэри. Зи къэралым и зыужьы-ныгъэм папщIэ гушхуэныгъэ ин зы-гъуэта комсомолкэ жьыджэрыр хьэзырт Хэкум, льэпкъым я къэ-кIуэну дахэм адэкIи хуэлэжьэну, къарурэ зэфIэкIыу иIэр игукъэбэну, Республикэм и цIыху, гуп нэхъыфI-хэр 1957 гъэм хэтауэ щытащ Къэ-бэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 зэрырикъум и щIыхькIэ Москва щекIуэкIа гуфIэгъуэ дауэдапщэхэм. ПщIэрэ дзыхьэ хуэхуауащIу, зи на-сып къикIыу ди щIыналъэм икIа лIыкIыу гупым абы щIыгъуи яхэтащ Галинэ.

Студент илъэсхэр блэлъэту, зыщIэ-хъуэпса Iэщlагъэр зригъэгъуэта нэужь, апхуэдабзэу жьыджэру, лэ-жьыгъэм и гур хуэзIухауэ егъэджа-кIуэ Iэнатlэм пэрыхьащ Къумахуэр. Урысыбзэмрэ литературэмрэ я егъэджакIуэу лэжьащ щыщIидзащ. Аруан къуажэм дэт курыт школым. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэм ГъуэгуГъэльагъуэ, чэнджэщагъуэфI а лъэ-хьэнэм кьыхуэхъуащ зи лэжьыгъэм хуэIэижь, жьлэзм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ IэщlагъэлI Iэзэ Тхьэкъуа-хъуэ Башир. ЕгъэджакIуэ Iэнатlэм и щхэу посии фIыуэ щыгъуазэ, щIэ-ныгъэ куу, щIыхьэ пIаГэ зыхэль адыгэлI щыпкъэм Къумахуэр триш-щащ иужькIэ гъуэгу бгъуфIэу, Iуэху-гъуэфI куэдкIэ гъэнщIауэ къы-хущIэкIа лъагъуэ дахэм.

Зи Iэщlагъэр фIыуэ зыльагъу бзыльхъугъэ цIыкIур егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм щIэх дыдэу хэгъэзащ. ЩIэныгъэ куу зэрыбгъэ-гъэдэлъымрэ гупсысэ зэщIа зэран-Iэмрэ я фIыгъэкIэ, Галинэ зэман кIэщIым кьируибдзу кьыдиихэращ иригъаджэ щIыкIуэрэ, абыхэм я адэ-анэхэри, кьыдэлажьэхэри. Абы и дэтхэнэ дерсри щIэныгъэ нэсымрэ гъэсэныгъэ дахэмрэ я кьигъэхуэ-пIэт ныбжьыщIэхэм я дежкIэ. И дерсхэр Галинэ кьэхутэныгъэ хьэлэ-мэтым ещхьу иухэрт, урысыбзэмрэ литературэмрэ я купщIэр, кьу-леигъэр, дахагъэр сабийхэм къа-хуэзIуихьу, щIэблэр абы дригъэ-хьэхьыр и мурад нэхъыщхьэу. ЕгъэджакIуэ Iэзэри и гъэсэнхэри дапщэри щыпIэт шкоплэ, рай-онпсо, республикэпсо мыхьэнэ зиIэ олимпиадэхэм, нэгъуэщI зэпеуэ-хэм.

Галинэ иригъаджэхэм урысыбзэмкIэ щIэныгъэ куу зэрабгъэдэлъым и мызакъуэу, гъэсэныгъэ екIуи яхэлт. А псоми гу лъатауэ, аруандэсхэм абы хужаIэрт «сабийпсэр кьызэIуэрых егъаджакIуэ нэс» псалъэ гуапэхэр. Цыхухэм я гум кьыбгъэдэкI апхуэдэ щIэныгъэм, зэфIэкIым, абыкIи кьэпщIэныгъэхэм кIуэцIрыкIыжьын хуейщ. Дилэжьыгъэм и кьэпщIакIуэ нэхъыщхьэр зэманырщ - аращ нIуэ къэзыщIыр хэт сыт лъэкIами».

«ЕгъэджакIуэу улэжьэныр - ар акъылым пыщIа Iуэхугъуэ куэдей-кым, атIэ гурэ псэрэ хьэлэлу зэ-тыпхъэ Iэнатlэщ. БэкIэ хущIыгуфIэ сабийм дунейр кьыхуэзIухьнымкIи, ар гъащIэм и гъуэгу пэжым тешэ-нымкIи мыхьэнэ ин иIэщ егъэджа-кIуэм. А Iэщlагъэр гъащIэ гъуэз зы-щIахэм ар хьэкъыу япхыкIауэ щытын хуейщ».

И гъащIэм щыщу илъэс 55-м щIигъу зыхухиха Iэщlагъэм ноби хуэ-пэжщ Къумахуэ Галинэ. Курыт школым кьыIуКIыжу тIысыжа нэужьи абы Iэщlыб ищIакъым сабий ныб-жьым ипту лъагъуныгъэ зыхуищIа Iэ-щlагъэр. Ди республикэм щыщIэ-рыIуэ щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьа-кIуэ Хъурей Феликс кьызэIухуэзэ щыта Бизнесымкlэ институтым еп-хауэ лажьэ Бзэхэр джыныкIэ щIа-пхъэхэр щаубзыху институтым (ИМПН) илъэс зыбжанэкIэ щыIащ ар. Институтым и методисту абы и къалэмыпэм кьыпыкIащ тхылъ зыбжанэ. Апхуэдэхэщ «Живи, слово!» тхылъ купщIафIэр, Хьэщыкъу Раисэ, Хьэжъэн Жаннэ сымэ и гъуэгу зэлэжьахэу «Я мире живого слова», «Азбука говорящая» жыхуиIэхэр. Абыхэм щызэхуэхьэсащ бзэр джы-ныкIэ екIуэкIа гъэунэхуныгъэ зэмы-лIэужьыгъэхэр я тегъэщIапIэу еджапIэхэм щата дерс зэIухахэр. Теорие нэсри практикэри зэщIатэу, бзэ щIэныгъэм зезыгъэужьа къэ-хутэныгъэхэр и лъабжьэу, бзэр егъэджыным кьрикIуэ екъулIэ-ныгъэхэр нэрылъагъу кьэзыщI, ар езыгъэжьи псоми яхуэгъэпса лэжьы-гъэ щхьэпэщ мы тхылъхэр. Зи лъэпкъыр, зи анэдэлъхьэр фIыуэ зыльагъу ящкупсэм кьелъыте зэ-лэжьа методическIэр анэбзэм хэлъ дахагъымрэ удэзыхьэх гъэщIэгъуэ-нагъэхэмрэ сабийм и гумрэ и псэмрэ нэзыхьэсыфын кьару зыбгъэдэлъ Iэмалу. Къумахуэм зэрыжиIэмкIэ, абы гъэпщIуар кьыуегъэгъуэт, гу-гъур тынш кьыпщIащ, гу зыльымытэр кьыуегъэпсыгъ. Сыфнэмышщ Iауэ, цIыхум и гупсысэм зегъэужьынымкIэ бзэр мыпхуэдэ гъэпсыкIэм тету егъэджыным сэбэпынагъэшхуэ кьеушэ, лъэпкъ фIыгъуэхэм я кьигъэ-хьуапIэр нэхъ куу, кьабзэ, лъщ ищIу.

Лъэпкъым хуэфащэ цIыху кьагъэ-хъуным хьэлэлу хуэлэжьа егъэ-джакIуэ Iэзэр лъэужьыфIэр хуащI. ЩIэблэ зыбжанэ гъащIэм и гъуэгу захуэм тезыгъэува нэхъыжьыфIым и мащIэкъым зэрыгушхуэ и гъэсэнхэр. Галинэ иригъаджэхэм кьаехIащ цIыху цIэрыIуэу куэд. Абыхэм яхэтащ егъэджакIуэхэри гъэсакIуэхэри, до-хутырхэри экономистхэри, юристхэри, нэгъуэщI Iэщlагъэхэм ирипла-жьэхэри. УнэтlакIуэ щыпкъэм и псэр ноби догуфIэ абыхэм я екъулIэ-ныгъэхэм, я цIэхэр фIыкIэ кьраIуэмэ, и гур хохъуэ, насыпыфIэ ящI.

Апхуэдэ лэжьыгъэфIэхэр кьирихьэ-лIэу, и къалэнхэр ныкъусаныгъэн-шIэу игъэзащIэу Iэнатlэм пэрыта Къумахуэм абы фIыщIэ куэд кьы-хуэдэкIуащ. ЕгъэджакIуэ Iэкъуэльъа-кIуэм, щIэблэм я ущиякIуэ Iэзэм мызэ-мытIэу кьызыгъэфэщащ къэрал дамыгъэ льапIэхэр, КъБР-м Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и ми-нистерствэм, жылагъуэ зэгухьэны-гъэхэм къабгъэдэкI фIыщIэ, щытхъу тхылъ куэд. Абы къыфIащащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ», «УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкlэ и отличник» цIэ лъапIэхэр, кьы-хуагъэфэщащ «ЩIыхьым и да-мыгъэ» орденыр, «Лъжьыгъэм и ве-теран» медалыр. Галинэ зыбжанэрэ хэтащ егъэджакIуэхэм я къэралпсо, республикэпсо съездхэм. 2007 гъэм ар хэтащ «УФ-м и егъэджакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэм икIи щытекIуащ. Аэрэ я щыхьэтщ егъэ-джакIуэ нэсыр и къалэнхэм и гуи и пси хилъхьэу, Iуэхур игурэфIакIуэу дапщащи зэрыпсытыр.

Галинэ ящыщ Iуэхугъэ насыпкIи Тхьэр зыхуэупсэ бзыльхъугъэхэм. Абы и щхьэгъусэ Мухьэрбий УФ-м цIы-хухэм щIэныгъэ егъэзыгъэтынымкIи и отличникщ, Аруан къуажэм дэт ку-рыт школым и унафэщIу илъэс куэдкIэ лэжьащ. Жьлэзм пщIэрэ щIыхьрэ щызиIэ егъэджакIуэу уна-гъуэм я къащIэхъуащ бынищ: Илим, Динэ, Лянэ сымэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэмэ нэхъыжьыфIхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ, Iэщlагъэ ирагъэ-гъуэтащ, унагъуэ щхьэхуэуи ягъэ-тIысыжащ, псом нэхърэ нэхъа-пэращ, лъэпкъ хабзэм тету ягъэса-сащ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хагъэуа-ващ. Галинэрэ Мухьэрбийрэ ныбжь закъуэ Марьянэ абыхэм я лъэужь-жьым ирикIуаеу егъэджакIуэу школым щолажьэ. НэхъыжьыфIхэм я гъащIэр хуагъэдахэ я бынхэм, абыхэм къащIэхъуэхэм я екъулIэ-ныгъэхэм.

ЩIэблэр егъэджэнымрэ гъэсэ-нымрэ, ныбжьыщIэхэм я зэфIэкIым зегъэужьыныкIэ ябгъэдэлъ зэчий-хэр кьэгъэнэхуэнымрэ илъэс 55-м щIигъуКIэ хьэлэлу хуэлэжьа, цIэ лъапIэхэр зыхуагъэсфэща Къумахуэ (Щоджэн) Галинэ ноби хуагъэпIапIэ кьыщалъхуар. Нэмысыныхуэрэ хаб-зэрэ зыхэлъ адыгэ бзыльхъугъэ щы-къэм дохъуныр и мурадуэ гъуэрыльхуэ-хьуну. И пщIэр лъагэу, и дунейр да-хэрэ уэзынщагъэ иIэу, унагъуэ насы-пым щымыщIэу, и щхьэгъусэмрэ езырэ зэкъэуту ящкыри куэдрэ быным яхуэпсэуну, зыщIэхьэпс, фIыгъуэу кьалъытэ псомкIи Тхьэр кьахуэупсэну ди гуапэщ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Нэгузыужьу зэманыр ягъакIуэ

Бахъсэн районым и унафэщIхэр тKIийуэ кIэлъоплъ я щIыпIэм щыIэ гъэмахуэ лагерхэр зэрылажьэм. ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Тохъутэмыщ Мухьэмэд, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ Iэнатlэм и унафэщI Абрэдж Тамарэ, а Iэнатlэм и лэжьакIуэ Тхьэмокъуэ Людмилэ сымэ зыхэт хьэпщытакIуэ гупыр мы махуэхэм щыIащ сабий зыгъэпсэхупIэхэм икIи ахэр зэрылажьэм кIэлъыплъащ.

● Гъэмахуэ-2017

КъэпщIакIуэхэм гулъытэ хэха зыхуащIахэм ящыщ сабийхэр зыщIэсу пэщIэхэм я щытыкIэмрэ ахэр зэрагъашхэмрэ. Апхуэдэу ахэр хэпльащ зыгъэпсэ-хуакIуэ щыIэ цIыкIухэм я нэгу зэрызрагъэужь, спор-тымрэ физкультурэмрэ дегъэхьэхьыным хуэщIа про-граммэхэм.

НаIуэ зэрыхъумакIэ, са-бийхэр зэхарэнэу ягъашхэ. Лым къыхэщIыкIа щхьны-гъуэхэм къадэкIуэу абыхэм ират пхъащхьэмыщхьэ, за-дэхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэу тэмэму ёр-кIуэкI сабийхэм я зы-гъэпсэхугъуэ зэманри. Абы-хэм папщIэ гъэсакIуэхэм кьыщыIэзIуахащ «Артек» са-бий лагерыр. ИужькIэ ар хьуащ Совет Союзым и пио-нерхэм я зыгъэпсэхупIэ нэ-хъыщхьэ.

♦1930 гъэм Волгоград (Ста-линград) трактор заводыр лажьэу яутIыпщащ.

♦1959 гъэм, зэрагъэ-пэщIыжри, Москва кьы-щыIэIуахьжащ СССР-м и ВДНХ-р - цIыхубэ хозяйст-вэм и екъулIэныгъэхэр щы-гъэльагъэу щыIэр.

♦1963 гъэм япэ цIыхубэ-кос-монавт Терешковэ Вален-тинэ «Восток-6» кхъухьым ису хьэрышы лъэтащ.

♦1992 гъэм Урысейр Ду-нейпсо банкым хыхьащ.

♦1995 гъэм Дунейпсо олимп комитетым кьыхихащ 2002 гъэм ЩIымахуэ Олимп джэ-гуэр щрагъэкIуэкIыну щы-пIэр. Апхуэдэ пщIэр лъагъэ-сауэ щытащ США-м и Солт-Лейк-Сити кьалэм.

♦1996 гъэм Урысейм прези-дент хэхьныгъэхэр щекIуэ-кIащ, ауэ а махуэм зэхэкIа-тэкъым а кьулыкъуэр нэхъ кьыщыIэзIуахащ щыIащ Путиным хуэгъэза упщIэхэр щызэхуахьэса ма-хуэхэм щIыхуэхэр зыгъэпIей-тей упщIэхэм ятеухуа сю-жетхэр журналистхэм зэра-гъэхьэзырар, ар зыльэгъуа унафэщIхэм зы махуэм хьрыубыдэу гъуэгуэхэм асфальт зэрыпрагъалъхьэр, унэхэр зыхуей зэрыхуагъэ-зэжьэр гъэщIагъуэм зэрыщы-хъуар. Путин Владимир жи-Iащ теленэтым занщIэкIэ щIыхуэхэм зэрызыпищIэр апхуэдэ зыгуэрхэмкIи щхьэпэ зэрыхъур зэригуапэр. «Си дежкIэ нэхъыщхьэр щIыху-хэм я гукъыдэжыр зыхуэ-дэмрэ ахэр зыгъэпIейтей-хэмрэ къэщIэнращ. Нобэ упщIэ псоми жуаеп зэрез-мытыфынур гурыIуэгъущ, ауэ Правительствэми, Пре-зидентым и Администрацэ-ми гу зылъытапхъэхэр, гу-гъуехь нэхъыщхьэхэр яльа-гъунурэ иужь ихьэнущ», - жиIащ Путиным.

Анэ хъуахэм ират ахъшэм теухуа программэм и пIа-льэр 2018 гъэм ирикIы-ным, абы иджыри кьыпащэнкIэ зэрыхъунум щыщIэупщIэм, къэрал Унафэщым жиIащ апхуэдэ ахъшэр щIыху мелуани 7-м щIигъум зэра-Iэрыхьар, дяпэкIи зэпа-льыту, анэ ныбжьыщIэхэм, курыт ныбжьым итхэм, япэ, етIуанэ, ещанэ сабий зы-гъэтахэм зэрызыщIагъэ-къуэм хэмIпIэхэр кьыздэра-гъуэтынур. Анэм ират ахъ-шэр зытрагъэкIуэдэну хуи-тым, сабий пособиехэм, нэгъуэщIхэм я жуап уфы-гъуахэр кьыщыIуащ нэты-ным.

Украинэм, США-м кьикIа упщIэхэм, щIалэгъуалэм, лэжьакIуэ кьызэрыгуэхIэм, зи ужьыщагъэм сэкъат иIэ-хэм кьабгъэдэкIахэм сыхьэ-типлIкIэ жуап яритащ Унафэщым, апхуэдэуи езыр дэ-Iэпыкъуну кьигъэгугъахэри, икIащIипIэкIэ унафэ зыт-ришцIыкьыну иубзыхуахэри щыIэщ.

Теленэтыныр и кIэм щы-ныблагъэм ирата упщIэхэм я жуапу Путиным жиIащ езым и лэжьэгъуэ пIалъэр зэфIэкIм, Урысейм и цIыхубэм президент хахыну хуитыныгъэ зэраIэнур, абы щыгъуэм деж езым зыхуи-гъефащэри зэримыбзэ-щIынур. Къэрал лIыщ-хьэм кьыщIэтхэм зэрахуу-щытым теухуа упщIэм и жуапу абы жиIащ: «Сэ ди цIыхубэм я псэукIэр езыгъэфIэкIуэну хуей, къэралым и пащхьэ къит къалэнхэр зэфIэзыхьну зи мурад дэтхэнэ зыми сепсэлъэну сыхьэзырщ».

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.



♦Африкэ Ипщэм щыщ лъэпкъхэу зи щхьэхуитныгъэм щIэбэнхэр дэIы-гъыным и дунейпсо махуэщ

♦Африкэм щыщ сабийм и дунейпсо махуэщ

♦ЮАР-м ЩIалэгъуалэм я махуэр щагъэльапIэ

♦1822 гъэм Санкт-Петербург къыщызэIуахащ циркым папщIэ яуха ятIэ унэр.

♦1894 гъэм Пьер де Кубер-тен и жэрдэмкIэ зэхуащ-сащ Олимп джэгуэгъэ къэуб-лэжьыным унафэ тещIы-хьыным теухуа конгресс.

♦1903 гъэм Форд Генри США-м къыщызэригъэпэ-щащ «Форд Motor» автомо-биль компаниер.

♦1921 гъэм Аджарие АССР-р къызэрагъэпэ-щащ.

♦1925 гъэм тенджызэ фIыцIэ Iуфэм, Гурзуф щIыпIэм деж, къыщызэIуахащ «Артек» са-бий лагерыр. ИужькIэ ар хьуащ Совет Союзым и пио-нерхэм я зыгъэпсэхупIэ нэ-хъыщхьэ.

♦1930 гъэм Волгоград (Ста-линград) трактор заводыр лажьэу яутIыпщащ.

♦1959 гъэм, зэрагъэ-пэщIыжри, Москва кьы-щыIэIуахьжащ СССР-м и ВДНХ-р - цIыхубэ хозяйст-вэм и екъулIэныгъэхэр щы-гъэльагъэу щыIэр.

♦1963 гъэм япэ цIыхубэ-кос-монавт Терешковэ Вален-тинэ «Восток-6» кхъухьым ису хьэрышы лъэтащ.

♦1992 гъэм Урысейр Ду-нейпсо банкым хыхьащ.

♦1995 гъэм Дунейпсо олимп комитетым кьыхихащ 2002 гъэм ЩIымахуэ Олимп джэ-гуэр щрагъэкIуэкIыну щы-пIэр. Апхуэдэ пщIэр лъагъэ-сауэ щытащ США-м и Солт-Лейк-Сити кьалэм.

♦1996 гъэм Урысейм прези-дент хэхьныгъэхэр щекIуэ-кIащ, ауэ а махуэм зэхэкIа-тэкъым а кьулыкъуэр нэхъ зыхуэфащэр. Бадзэуэгъуэм и 3-м екIуэкIа етIуанэ Iыхьэм щызэпэщIэтащ Ельцин Бо-рисрэ Зюгановым Геннадийрэ. Iэ зыIэта псоми я процент 50-м щIигъум я дзыхь ира-гъэзри, Урысейм и Прези-денту хахащ Ельцин Борис.

♦Совет дзэ кьулыкъущIэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым и ЛIыхьэжь, Югославиемрэ Болгариемрэ я ЛIыхьэжь, «ТекIуэны-гъэ» орденыр зрата **Толбу-хин Фёдор** кьызэралъхурэ ильэси 123-рэ ирокъу.

♦Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхьэжь **Хьэжмэт Хьэсэн** кьызэралъхурэ ильэс 86-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и проф-ессор **Къумахуэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, УФ-м и Президентым и Адми-нистрацэм и Унафэщ, Пра-вительствэм и Унафэщым и я ятIэ къуэдзэу, финансэ-хэмкIэ министру щIа, зэ-гъэущI къулыкъухэми и льэхъэнэ зыбжанэкIэ пэрыта, 2011 гъэм къыщыщIэдзауэ «Роснано» ОАО-м и унафэщI **Чубайс Анатолий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налышк пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщыхьынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 18-рэ, жэщым градус 11 - 12 щыхьу-нущ.

Зыгъэхьэзырар
ДЖАТОКЪУЭ Залинэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Гур кIуэдмэ, лъэр щIэкIкъым.

Адэжь Хэкум и сэбэпыр япэ изыгъэщахэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм иджыблагъэ игъэлъэпІащ

Бэлагъы Щэукъурэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъурэ

ХХ лІэщІыгъуэм и 80 - 90 гъэхэм я зэблэкІыгъуэм ди къэралым зэрыщыту щекІуэкІа зэхъуэкІыныгъэфІхэм ящыщ зыщ цІыхухэм хуиту я дениир зэрахьажыну і Іэмал зэрагъуэтар. Арщхьэкі я гур хуеІэми, абы хащІыкІыр мащІэт. ЦІыхубэр хуэныкъуэт дин щІэныгъэ пэж езыгъэгъуэтын. Совет Союзыр къызэрыунэхуэр ар ди щІыпІэм зэхэзекъуэн щыщІати, абы хуеджахэр зырызыихэт. Мыбдежым щІэгъэкъуэн нэс къытхузэхуащ мыслъымэныгъэр игъащІэ лъандэрэ пщІэрэ щыхьрэ я1эу щызэрахьэ къэралхэм щыпсэу ди къуэшхэр, Урыс-Кавказ зауэм и лъэхъэнэм эи адэжь Хэкур залымыгъэкІэ зрагъэбгынахэм я щІэблэр. Япэ дыдэу къэзыгъэзэжу испъам диным и гъуэгу пэжым дыхуэзыунэтІыжахэм ящыщщ Бэлагъы Щэукъурэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъурэ.

1990 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым ирагъэкІри, Сирием щыІэ «Абу-нур» еджапІэ центрым зы гуп ягъэкІуат. Арщхьэкіэ еджэныр намыгъэсыфу нэхъыбэм къагъэзэжащ. Абы къыхэкІыу жэрдэм кьыхалъхьащ: щалІхуэ, щапІэ икІи щыпсэу щыпІэм кІуэуэ испъам диным щыхуарагъаджэ щхьэ мыхъурэ?

Арати, Іуэхум иужь ихьащ. Мыгувэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мыслъымэнхэм я дин Іуэхущ1апІэм къыбгъдэкІыу езыгъэблагъэ тхыгъэ Бэлагъы Щэукъи Іэрыхьащ, Хэкум къыгъэзэжу, дин Іуэхущ1апІэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэмкІэ чэнджэщагъэрэ лэжьэгъуэ хъуну щІэлъэІуу. Абы ипкъ иткІэ, 1991 гъэм ар Налшык къэкІуащ, и щхьэгъусэри и бынхэри Сирием къигьанэри. И унагъуэр ГъусэІ ищІакъым, зэрыекІуэлІапІэнцэм къыхэкІыу.

Къэбэрдейм къыщигъэзэжам Щэукъи гугъуехь куэдым ІущІащ. Псом япэрауэ, хьэрыпльэзэмрэ испъам диныр щрагъэджьын хъщІапІэ къэзгъэзгъи хуейт. Ар хуабжьу гугъуу къыщІэкІащ. Сытми, Налшык и Совет уэрамым къыщигъэтащ къамыгъэсэбэпыж пэш нэщІ. Бэлагъы Щэукъи я пашэу ар еджакІуэ цыкІуэхэм зыхуей хуагъаззри, еджэныр ирагъэжьащ. АрщхьэкІэ, къызэрымыплъым ныхэкІыу, дунейр щІыІэ щыхъум Іэпхъуэн хуей хъуащ. Гагариным и цІэр зезыхьэ уэрамым тет училищэм и зы къат кьратыну щІэлъэІури, абы еджапІэщІэр къыщызэІуахащ, Іуэтазэрэ сохъустэхэри щыпсэуну Іэмал яІэу.

Абдежым щыпащащ испъам диным щыхуэхэр хуегъэджэным. А къалэм мытынышмкІэ Щэукъи я пэ дыдэу гъусэ къыхуэхъуауэ щытар Хъуажь Мухьэмэд-хьерщ, Алыхым и ахърэтыр нэху ищІ! Адэкіэ Іуэхур ефІакІуэурэ, егъэджакІуэхэм къахьхьащ Къанкъуэщ Абдул-Уэхьэб (Алыхьым и ахърэтыр дахэ ищІ!), Хэкужь Пшэм, Кэтау Мухьэмэд. Бзыльхугъэхэр иригъэджэну Щэукъи и щхьэгъусэ Ихькьам иужьыІуэкІэ и пщэ ирагъахьащ. Алыхьым псоми фІыгъуэр хьахуищІэ!

Налшык къыщызэІуаха мыдрисэм и ехъулІэныгъэхэм гу кьыльатащ хамэ къэрал щыІэ псапащІэ Іуэхущ1апІэхэм. Абыхьм я дэІэпыкъуныгъэкІэ, зыщІэмызыуэк общежитым иІэпхъукІри, «Комсомольский» санаторэм Іэпхъуащ, бздэжвдэу къащтэри. ИлъэсищкІэ абы щІэсауэ аргуэру пІэпощхьэпо щокъуэ Абдул-Бакъи. Тыркум и Къайсэр къалэм пэгъунэгъу Сасыкъхьэблэм 1956 гъэм ар кьыщалъхуат. Къуажэ школыр, Хьэзэй мыдрисэр, Къайсэр и Іимам хъатІиб лицейм щригъаджэрт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм кьыщызэІуаха еджапІэщІэр щилъагъум, Абдул-Бакъи Тыркум игъэзэжьину имыдзу, и гъусэхэр иутІыпщыжри, егъэджакІуэу кьэнащ.

Бэлагъы Щэукъи фІыкІэ игу кьеГъэкІыж а зэман дахэр икІи егъэджэныгъэ, ныбжьыгъуГъэ и лъэныкъуэкІэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи пэщІыкІи щымыІэу кьызэрыбгъэдэтар кьыкеГъщ. ЩыпсэуэнкІи, улахуэкІи ахэр зыхуей зыкъомрэ хэмызэми, Алыхь ЛъапІэм зэрыхуэлэжьэныр, адажь Хэкум я сэбэп зэрекІыныр япэ ирагъэщащ.

ЩІалэхэм я мызакъуэу, бзыльхугъэхэри еджэфын папщІэ, пщьхьэщхьэхэм абыхэм дерс щхьэхуэкІэ яту кІэлъплащ, псом хуэмыдзу КъурІэн ЛъапІэм теухуауэ. Ахэр Іэзэу иригъэкІуэкІащ Іустаз Абдул-Бакъи.

Мыгувэу еджакІуэхэм я бжьигъэм хэпщІыкІыу хэхъуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ псомиі щыщхэр абы къыщІагъэПІыхьащ, иужькІэ ягъэзэжу я жылэхэм дин Іуэхухэр щызэрахьэн папщІэ.

ЕджапІэм и япэ илъэсхэм нэхъ кьыхэгъэщыпхъэу екІуэкІа Іуэху щхьэпэхэм ящыщщ хамэ щІыпІэ кьикІа муслъымэн дин щІэныгъэпІ цІэрыІуэхэр хэту семинар щхьэпэ зыбжанэ кьызэрызэрагъэпэщар.

Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи егъэджэныгъэм кьищынэмыщІауэ, Іиманым, исПъамым, нэщІ зэрыпІагъыным, нэмэз зэрыпщІыным уэзыгъэгъуазэ тхыпІ щІыкІуэр адыгэбзэкІэ кьыдигъэкІащ. Школым щыщІэс лъандэрэ щІэхъуэпсу щытащ анэдэлъхубзэр игъэлэжьэну, абы и кьарур наІуэ кьищІыну. Аращ зэрыпыбзэкІэ, тыркубзэкІэ тхауэ щыІэ дин лэжьыгъэхэр щхьэпэ щхьэпэу адыгэбзэм кьыщІригъэзагъэр.

Нобэкіэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи Бахьсэн къалэм и мэжджытыр щхуэм и Іимамщ икІи исЪам дин щІэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну хуейхэр ирегъаджэ.

И щхьэгъусэ Сэримэрэ абыРэ хъыджэбзищ зэдапІащ. Нэхъыжьыр фармацевту йоджэ, курытыр медколледжым щІэсщ, нэхъыщІэр школакІуэщ. ГугъэфІхэм яІэщи, Тхьэм хъаригъэхъулІэ!

Бэлагъы Щэукъырэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъырэ адажь Хэкумрэ муслъымэн динымрэ хуащІар абыхэм ирагъэджахэм, кьызыхущхьэпахэм гурэ псэкІэ зыхащІэ. А Іуэхугъуэм и щыхьэтщ «Лашын» рестораным иджыблагъэ щекІуэкІа пшьхьыр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мыслъымэн дин Іуэхущ1апІэм и жэрдэмкІэ ягъэлъэпІащ мы гъэм зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъу Бэлагъы Щэукъырэ нэгъабэ илъэс 60-м щхьэдэха Гуэщокъуэ Абдул-Бакъирэ. Ар сыт и лъэныкъуэкІи егупсысащ дагъуэнэшу кьыззригъэпэщащ а Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Щхьэныкъуэ Анзор зи пашэ гупым.

Іустаз нэхъыжьыфІхэм хуэфэщэн пщІэ лъагэ хуащІу кьызэхуэсат Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыпІэ псомі, нэгъуэщІ щыналъэхэми къикІа цІыху 250-м щигъу. Абыхэм кьаІуащІащ езы Бегъымбар ЛъапІэр зэрыригъэблагъуэу щыта «ТІэлэгъэл-Бэдру гъэлейнэ» зэныркІэ, Емкъуж Анзор, Сэбанщы Мухьэдин, Сибэй Мурат сымэ яГъэзащІу. ХьэщІэхэм яхэтт Дзасэжь Хьэзрэталий зи пашэ КъБР-м и Мыслъымэн дин Іуэхущ1апІэмрэ Чочаев Шарабуттин зи ректор Абу Хьэнифэ и цІэр зезыхьэ Кавказ Ищхьэрэ испъам университетымрэ я лэжьакІуэхэр. ЛІыкІуэхэр кьикІат Адыгэ Республикэмрэ Краснодар краймрэ я муслъымэн Іуэхущ1апІэхэм. Пшыхьыр екІуу иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и муфтийм и къуэдзэ Сыжажэ Алим.

Зэрыхабзэу, зэІущІэр кьызэІуахащ КъурІэн ЛъапІэм и Іэятхэмкіэ. Абыхэм макъ дахэкІэ Іэзэу кьеджащ Налшык къалэм дэт Мэжджыт Нэхъыщщхьэм и Іимам Сэбаншы Мухьэдин.

Адэкіэ псалъэ зрата КъБР-м и Муслъымэн дин Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэ Дзасэжь Хьэзрэталий фІыщІэ ин яхуищІащ испъамыр адажь Хэкум тэмэму щызэфІэувэжьын папщІэ зи кьаруи, зэфІэкІи, зэмани емыблэжа Бэлагъы Щэукъырэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъирэ. Абыхэм фІыщІэ хуащІыну, ехъэхъуну хуейр а пщыхьэщхьэм куэдыкІейт. Пшыхьым кьримыхьэлІэфамэ, видео Іэмалыр кьагъэсэбэпри ягъэлъапІэ Іустаз хэм Эрдалэрэ Нагумэ Фатхьирэ.

Пэшым щыгъэува экуанышхуэм кьридзэрт Бэлагъы Щэукъырэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъирэ я гъащІэмрэ гуащІэмрэ ятеухуа теплъэгъуэр. Къызэхуэсахэм гукъинэж ящыхьуащ Іэдиижу кьуажэм и мэжджытым хэт мыдрисэм щІэс ныбжьыщІэхэм КъурІэныр, хьэдисхэр, нашидхэр (муслъымэн уэрэд жьІэкІащ) фІы дыдэу зэращІэр кьызэрагъэлъэгъуар. Пшыхьыр гъэнщІат зэчырхэмкІэ, адыгэ усэхэмкІэ, ди лъэпкъ уэрэдыжьхэмкІэ, дыуэхэмкІэ.

Апхуэдиз пщІэ лъагэ кьызэрыхуащІам кьигъэгумэщІа Бэлагъы Щэукъырэ Гуэщокъуэ Абдул-Бакъирэ мы Іуэхур зи жэрдэмхэмрэ абы къырихьэлІэхэмрэ фІыщІэ ин хуащІащ. Дэтхэнэми кьыхигъэщащ зэрысайирэ я псэр кьызыхуеІэ, зи хъыбар куэд нэхъыжьхэм яІуэтэжу зэхаха адажь Хэкум я Іыхьлыхэр я гъусэу кьагъэзэжьыну Іэмал зэрагъэтам, абы зы мащІэкІэ сэбэп зэрыхуэхъуам папщІэ Алыхь Иным шыкур зэрыщащІыр. А Іуэхугъуэр кьэйхъупІэныкмкІэ хуабжьу закьыщІэзэІутэкуа, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мыслъымэн дин Іуэхущ1апІэм и ятхьэмадэу щыта Пщыхьэщхьэ Шафихьрэ адрей къадэлажьакъэмрэ ахэр фІыкІэ тепсэлъыхьащ.

Пшыхь дахэр, кьызэрэзэІуахами куэдэу, зэчыркІэ зэхуащІыжащ. ИужькІэ псоми зэгъусэу сурэт зытрагъахащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● Пшыхьхэр

Гуэщокъуэ Абдул-Бакъи

Бэлагъы Щэукъи

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

КАФФЕД-м (Тырку) и Советым хэтхэмрэ ДАХ-м (Урысей, КъБР) и лІыкІуэхэмрэ я зэпсэлъэныгъэм кърикІуа меморандум

Анкара къалэ
КъихьэлІахэр:
КАФФЕД-м и Советым хэтхэр:
1. Асланкая Яшар
2. Бурсэ Реджами
3. Динчер Умит
4. Мэчэр Ведат
5. Таймаз Эрол
6. Джандан Ахъмэт

2017 гъэ, мазаем и 26

ДАХ-м и лІыкІуэхэр:
1. Сэхъурокъуэ Хьэутий
2. Дзэмыхь Къасболэт
3. Мэшбащ1э Исхьэкъ
4. Къуэдзокъуэ Анатолэ
5. Нартокъуэ Станислав

Зэлущ1эм щхьэусыгъуэ хуэхъуар ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэмрэ КАФФЕД-м хыхьэ хасэхэм я лІыкІуэхэмрэ я зэдэлэжьэкІэр яубзыхуныщ.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэмрэ КАФФЕД-м щылажьэхэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр гъэбдэшьын пыщІа гугъуехьхэм щытепсэлъыхьым, лъэныкъуІІмі ящыщу къэпсэлъахэм иджыпсту зыхэт гугъуехьхэр зэпкърахащ икІи КАФФЕД-м хэкужьым хуиІэ пыщІэныгъэр дяпэкІи зэрырагъэфІэкІуэным тепсэлъыхьащ. Псоми къыхагъэщащ ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ КАФФЕД-мрэ зыхуэй хуэзэу зэрызэдзмылажьэм къыхэкІкІэ, ДАХ-м и Уставым къигъэув кьалэнхэмрэ пщэрылъхэмрэ нэсу гъэзэщ1а зэрымыхьур. Абы къищынэмыщІауэ, апхуэдэ щытыкІэр щхьэусыгъуэ хуохъу, лъэныкъуитІыр зыщІэзыгъэІеину хуей язынныкъуэ гупхэм ДАХ-мрэ КАФФЕДмрэ я тхьэмадэхэм я псалъэхэр зэрахъуэкІыурэ, дунейпсо адыгэ зэщІэхъееныгъэм и лэжьыгъэм зэрыпэрыуэм. Апхуэдэ дыдэуи ДАХ-мрэ КАФФЕД-мрэ я Іуэхухэм ятеухуауэ журналистхэм хъыбарегъащІэ Іэнат1эхэм, Интернетым кьытрадзэ, кьралъхьэ хъыбархэр зэрымыпэжым щытыкІэр нэхъри зэІеГъэхьэ.

Зэлущ1эм щыжалахэм елъытауэ, лъэныкъуитІми кьыхагъэщащ:

- КАФФЕД-м и унафэщІхэм ДАХ-м хэкІыжьыным, е Тыркум ис адыгэхэр я адэжь щыналъэм - Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм (КъБР, АР, КъШР) - зэрыпыщІам зэран хуэхъуным теуХуа мурад зэрамыІари, апхуэдэ зы псалъэ хэззрыжамыІари. Иужьрей илъэсхэм КАФФЕД-м и унафэщІхэр жьыджэру иужь итщ Урысейм и Посольствэу Тыркум щыІэм и лэжьакІуэхэм зыпащІэным, Анкара кьалэ дэт Россотрудничествэм и лІыкІуэхэм дэлажьэным;

- КАФФЕД-м и Советым хэтхэр ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и лэжьыгъэм теухуауэ нэхъ гъунэгъуу зэрыщІэн зэрыхуейр, Гъэзэщ1акІуэ гупым и зэхуэсым кьыщІэІт упщІэхэр мыхьэнэхъ ин зиІэхэраУэ зэрыщытыпхъэр, итІанэ ДАХ-м и Уставым ит кьалэнхэр кьызыхуэтыншэу Гъэзэщ1а хъуным ахэр зэрисэбэпыр;

- ДАХ-мрэ КАФФЕД-мрэ я зэхущытыкІэр щІыпІэныхьа щхьэусыгъуэхэм щытепсэлъыхьым КАФФЕД-м и лІыкІуэхэм зэрыжаІар КАФФЕД-м и тхьэмадэ Асланкая Яшар пІалъэкІэ Урысейм ихьэну хуиМыту кьыщІыхуагъэувам и щхьэусыгъуэр зэхагъэкІыну, а Іуэхур гъэзэкІуэжьыным иужь итыну;

- ДАХ-м и лІыкІуэхэм зэрыжаІар зытепсэлъыхьэ Іуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІар, апхуэдэуи арэзы техуауащ Гъэзэщ1акІуэ гупыр ДАХ-м хьэхъэ хасэ къудамэхэм я унафэщІхэм зэрыхъу быдэу дэлэжьэн зэрыхуейр;

- Хасащхьэм и пащхьэ кьит къалэнхэр зэфІэхьыныкмкІэ лажьэпхъэхэр зыбгъэзыху комитетхэм адыгэ щэнхабзэм, бзэм, хабзэм зегъэужьыныкмкІэ, адыгэ лъэпкъыр хъумэныкмкІэ я пщэ къыдэхуэ кьалэнхэр зэрагъэзащІэр егъэфІэкІуэным ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупыр дяпэкІэ нэхъ набдзэгубдзапІъэу зэрыкІэлъыпІынур;

- ДАХ-м и унафэщІхэм зэрамурадыр яхузэфІэкІ псори кьагъэсэбэпу, абы адыгэ депутатхэри кьыхаушэу, кьэрал кьыхуащІапІэ лъагэхэм, Урысейм и унафэщІхэм зэрызыпащІэнур, адыгэхэм я адэжь хэкум кьагъэззжьныкмкІэ, Урысейм кьэІэпхъуэжахэр гъащІэм хэзэгъэныкмкІэ сэбэпынагъ къыпахыфын хуэдэу;

- КАФФЕД-м и тхьэмадэ Асланкая Яшар Урысейм кьихьэну зэрыпаубыдам теухуауэ ДАХ-м и унафэщІхэм зэрыжаІар а Іуэхур зэрыдамыІыгъыр икІи Тыркум и адыгэ мелуани 4-м щигъум я лІыкІуэу хэкум кьаІуэ щІалэм иращІам кьызэригъэуІэбжьар. Ар кьэрал къулыкъущІапІэ зыбжанэ зэгурыкІуэу яІэрэ Іуэхум кьрикІуауэ зэрыхуагъэфащэр. Абы ипкъ иткІэ унафэщІхэр хьэзырщ ДАХ-м и Уставым, Урысей Хабзэм кьызэрагъэувым тету, Асланская Яшар и Іуэхур зэхагъэкІыну, ар зэфІэхыныкмкІэ сэбэп хьуну;

- ДАХ-мрэ КАФФЕД-мрэ адэкІэ зэрызэдэлэжьэну я мурадхэм щытепсэлъыхьым зэрыжаІар я хъыбархэр нэхъ псынщІэу зэІэпахыу зэдэлэжьэн, къапэщІилъ кьалэнхэр зэфІэхьыным лъэныкъуитІри жэуаплныныгъэ яхэлъу пэрыхьэн зэрыхуейр.

ЛъэныкъуитІым я зэдэлэжьэныгъэм теухуауэ хъыбарегъащІэ Іэнат1эхэм Іэрагъэхьэ, Интернетым кьралъхьэ хъыбархэм езыхэр япэщІыкІэ арэзы зэдытехуэу, итІанэ утыку кьрахьэмэ зэрынэхъыбэфІым теухуауэ зэгурыІуэхэщ.

Асланкая Яшар и Іуэхур зэхэкІыху Тыркум щыщу ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэм я лэжьыгъэр кьыхэзрыхэтрагъэувыІам теухуауэ щыхэпсэлъэм, жаІащ КАФФЕД-м хэт хасэ 53-м я лІыкІуэхэр щІэсу кьызэдащта унафэщи, ахэр зэхуашэсу щІэрыщІэу унафэ ящІыжьи зэрыхуейр. Абы теухуа хъыбарыр ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым кьыхурагъэхьыжьыну зэгурыІуэхэщ.

ДАХ-м и Гъэзэщ1акІуэ гупым и лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным, Гъэзэщ1акІуэ гупымрэ хамэ къэралхэм щыІэ хасэ щхьэдэхэм гупымрэ нэхъ убгъуауэ зэдэлэжьэным теухуауэ мыпхуэдэу зэгурыІуэхэщ: КАФФЕД-м и епльыкІэхэр игъэхьэзыру, 2017 гъэм гъатхэпэм и 25-м Налшык щекІуэкІыну зэхуэсым КАФФЕД-м и лІыкІуэу Динчер Умит кьакІуэу ахэр кьыщыхихьэжьу, щызэпкърахыну.

Зэлущ1эр ияха нэужь, лъэныкъуитІми я лІыкІуэхэр Урысейм и Посольствэу Анкара дэтым кІуахэщ икІи Урысейм и лІыкІуэу абы щыІа, щІэпхъаджащ1эхэм яІэщІэкІуэда Карлов Андрей и фэеплъым удз гъэгъа Іэрамэхэр тралъхьащ.

КАФФЕД-м и Советым кьыбгъдэкІыу, КАФФЕД-м и тхьэмадэ **АСЛАНКАЯ Яшар**

ДАХ-м и лІыкІуэхэм къабгъдэкІыу, ДАХ-м и президент **СЭХЪУРОКЪУЭ Хьэутий**.

Къэрал гъунапкъэм фыщысакъ

● Хабзэ

Урысей ФСБ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ гъунапкъэхъэмэ управленэм хъыбар кьызэритамкІэ, нэгъабэ елъытауэ цІыху нэхъыбэм абы зыхуагъаззэ хъуащ гъунапкъэхъэмэ щыпІэм ихьэн папщІэ хуит ящІыну. Хэти лэжьыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр абы щызэфІегъэкІ, хэти зыплъыхьакІуэ йожь.

АЛЬПИНИЗМЭМРЭ бгым дэпщеинымрэ зыфІэхьэлэмэтхэр хуабжьу дехьэх Шэрэдж щыналъэм щыІэ къуршхэм, псом хуэмыдэу «Безенги блыным». Кьыхэзгъэщ1апхъэщ абы и Іуащхьэхэр Урысей Федерацэмрэ Куржымрэ я къэрал гъунапкъэм зэрыхуэзэр. Абы кьыхэкІыу цІыхухэм хъыбар ирагъащІэ Гестола, Шхарэ, Джанги-Тау, нэгъуэщІ лъагапІэхэми дэкІуеин папщІэ Гъунапкъэхъэмэ управленэм и арэзыныгъэ кьеІыхьэн зэрыхуейр. Иджыпстукіэ абыхэм цІыхухэр ягъакІуэркъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, языныкъуэ турист-рекреащэ Іэнат1эхэм гупыІэтащэу кьагъакІуэ гунапкъэхъэмэ щыпІэм зыгъэпсэхуакІуэхэр хабзэм кьеззгъыу зэрыщыІэн хуейр. Кьапщтэмэ, 2016 гъэм фокІадэм и 7-м Шэрэдж районым щауфыдащ «Безенги блым» и деж хуитныгъэ ямыІэу Урысей Федерацэм и къэрал гъунапкъэм зэрпкІыным метрищэ фІэкІа къэмынэжауэ кьыщыхутахэр. Хабзэр кьызэрызэпаудам къыхэкІыу, ахэр административнэ жэуапым ирашэлІащ икІи дэтхэнэми къуэдыуэ сом мин зырыз ирагъэтащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщІэхэр хуэсакъыпхъэщ щыпІэр езыгъэпъагъуну кьезыщэкІхэр кьыщыхахкІэ. Гъунапкъэхъэмэ щыпІэм умыщІэххэу абыхэм хабзэр кьыщызэпаудынкІэ хъунущ икІи псори бэлыхь хагъэхуэфрынущ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

460

ХХ лІэщІыгъуэм и пэщІэдзэм Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) щылэжьащ Шэрджэс театрыр. Сурэтым щыволъагъу абы щыджэгу адыгэ артистхэмрэ режиссёрхэмрэ. *1907 гъэ*

● Гу зылъытапхъэ

Щэхур иІуэтэну зыри хуиткъым

Гъащ1эм и щытыкІэ гугъум къихута сабийхэр дзыгъынымкІэ фондым 8-800-2000-122 урысейпсо номерыр иІэу дзыхь зэрырагъэз ныбжьыщІэ телефон игъэуващ. Мы зэманым абы епхащ УФ-м и щыналъэ 83-м я Іуэхущ1апІэхэу 329-рэ.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и дэтхэнэ щыпІэми щыІэу сыт хуэдэ телефонымкІи мы номерымкІэ псалъэмэ, сабийхэм, балигъ мыхъуахэм, адэанэхэм, нэгъуэщІхэми псынщІэу психологие дэІэпыкъуныгъэ иратынущ.

Психологие дэІэпыкъуныгъэ ират хэІущІыІу ямыщІу икІи пщІэншэу. Щэхур иІуэтэну зыри хуиткъым.

Зи Іуэху хуэмыщІа унагъуэхэм, къаугъэхэр кьыщыхъейхэм я сабийхэм я гукъыдэжыр кьаІэтыжьын, абыхэм я хуитныгъэхэр хьумэн папщІэ, зи гугъу тщІы телефоныр ІэмалыфІщ.

8-800-2000-122 урысейпсо номерыр зиІэ сабий телефоным теухуауэ нэхъыбэ кьыщыфщІэфынущ мы сайтым http://telefondoveria.ru/.

КъБР-м Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитет.

Хьэтыхъу Эдуард

Фильмым щыщ зы теплъэгъуэ.

● Гъуаздджэ

Накуэ Сослъэн

Джылахъстэнейм щытраха фильмыр утыку кърахьэ

Тэрч къалэ дэт Щэнхабзэмкlэ уардэунэм мэкъуаугъуэм и 7-м lуэхугъуэ дахэ щекlуэкlащ. Куэдым яцlыху уэрэдус, уэрэджы-lакlуэ Хьэтыхъу Эдуард адыгэбзэкlэ триха «Къазбэч» фильмым и лъэтеувэ абы щащlащ.

РЕЖИССЁР Iэщlагъэм хуемыджами, кином япэу зрипщытами, Эдуард куэд щlауэ щlэхъуэпсырт адыгэбзэкlэ фильм трихыну. Уеблэмэ, и анэдэлхубзэмкlэ япэ клип тезыхахэм ящыщщ ар.

Фильмым и сценарийр зытхаи, и режиссёру щытари, ар зыгъэувари езы Хьэтыхъу Эдуардщ. Къашыргъэ Кlыраущэ, Дудар Аслъэн, Вэрокъуэ Валерэ сымэ я макъамэхэр щlэтщ фильмым.

Джылахъстэней щыналъэм щэнхабзэмкlэ и лэжьакlуэхэращ кном щыджэгуар. Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание результатхэм, Киров областым, Шэджэм псыкъелъэм щытрахащ ар.

- Адыгэбзэм, лъэпкъ хабзэм, фащэм я дахагъэр яхэзытещ фильм анэдэлхубзэкlэ тесхыну куэд щlауэ сехъуапсэрт. Фэ зэрыфщlэщи, нэгьабэ Урысей кином и илъэсу щытащ. Абы сытригъэгушхэщ, Тэрч районым и щlыпlэ администрацэм щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщl Накуэ Сослъэн сыбгъэдыхьэри си мурадыр жесlати, къыздиlыгъащ, уеблэмэ сыстригъэгушхуащ. Илъэсрэ мазиихlэ селэжьащ абы. Кино тепхыным гугъуэхьышхуэ пылъщ, ар абы зумыгъэпщытауэ къыбгурыуэркъым. Фильмым хэта артистхэми ар техныимкlэ щlэгъэкъуэн къысхуэхъуэми фIыщlэ ин яхуэсщlыну сыхуейщ. Сэ си акъыл къызэрихькlэ, си гупсысэ къызэрызагъэнкlэ псори сущlащ. Хуабжу сфIэфIу, гупсэхуугъэ къыхэту селэжьащ абы. Къызэхуlарэ къызэмыхъуlларэ еплъэращ жызыIэфынур, ауэ цlыхухэм ягу ирихьмэ си лэжьыгъэр пщlэншэ мыхъуауэ къэслъытэнущ, - къыддогушэ Хьэтыхъу Эдуард.

Фильмыр къызэхуэсахэм ирагъэлъагъуи п э кьихуэу утыкум къыщыпсэлъащ Тэрч щыналъэм и щlыпlэ администрацэм щэнхабзэмкlэ и къудамэм и унафэщl **Накуэ Сослъэн**. Фильмым трахыныкlэ сэбэн къахуэхъуа псоми фIыщlэ яхуищlа иужь, Эдуард илъэс куэд щlауэ игъэтыгъуэ и хъуэпсапIэр къехъулIауэ къызэрильытэр жиIащ абы.

- Мы фильмыр джылахъстэнейхэм кино техныим хуэтчэ ящlэбакъуэщи, тхуэмахуэн Тхьэм ищI! Дышогугъ дяпэкlи апхуэдэ жэрдэм щхьэпэ зыщlын куэд къыфдхэкlыну, - захуигъэзащ Накуэм къызэхуэсахэм.

Кином и пэщlэдзэм дызыщирихьэлIэ лIыхъужьыр езы Эдуардщ. Зи ныбжьыр хэкlуэта лIыр жэщыбгым гупсысэу здэщысым и къуэрылъху цIыкIури мыжейфу къыщlохьэри, хъыбар гъэщlэгъуэн къыжриIэжыну къолъэу. Худэжьхуэр тогушхуэри, и гъащlэм щыщlыхь э абы хуеIуэгъэ. «Мы Iэхъур къызэрыхъурэ куэд щlащ...» псалъэхэмкlэ хъыщlэзэ лIыжьым и хъыбарым. Телевизореплъыр «дыкъызэраубыду» зи гугъу ящl Iэхъум дызэрыдрагъэхьэхыу дызэсжа художественнэ Iэмалхэм ар ящыщми, Хьэтыхъум и деж щхьэусыгъуэ куэдым я фIыгъэкlэ пфIэфIу уэхтщ хэхъуу псоми. Щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэри абы адыгэбзэ къулей зэрыщlыгъущ.

Iэхъур щекlуэкlыр Джылахъстэней щlыналъэращ. Абы и щlыхъэпсым и къабзагъымрэ и дахагъэмрэ нэIуасэ ухуищlкlэрэ, укъыдехьэх авторым. Эдуард хуэзэфIэкlащ щlыпlэм и дахагъэр, гъэм и зэманхэр екIуу зэрызэхъуажэр дигъэлъагъуи.

Унагъуэ къызэрыгъэкlым, гуащlэрыльажьэм къыжхэкlа Къазбэч щlалэмрэ Бэлэтокъуэпщlым ипхъу Марьянрэ зэгуакlуэри фIыуэ зэрыльагъуэуащ. Щlалэмрэ хъыджэбзымрэ зы защlыну зэгурыIуа иужь, Къазбэч щlым деж лъыхъу егъакlуэ. Арщхьэкlэ дапщащхьэ пщыхэм унагъуэ къызэрыгъэкlэр щыхэрэ пэсу щытар? «Апхуэдэ факъыпэ дэ благъэ тхуэхъунукъым», - къажреIэри, лъэпкъ къалъхьуар игъэпудыну иужь йохьэ пщlыр. А псалъэхэр фIыуэ зэрыльагъуитIым я гум щlохьэ, ауэ я насыпэ зы хъуну гугъэ хахьжьрэкъым. Хъыджэбзым хурагъэхьыжыну - игъэхъэзыра пхъуантэ зэпэщlыр зэтрех, и нысащlэ фащэр къыдехри, зэригъэпащэу гъуджэм бгъэдоувэ, ауэ и адэм и псалъэхэр игу къызэрыкlыжу, и нэпсыр къыщlэпъэлъу хуожьэри, бостейр хьифедзэж.

Марьян и пэшым щlэх-щlэхыуэр гъы макъ къызэрыщlэIукlым и анэшхуэм гу лъитащи, мэгузавэ. Махуэ гуэрым фызыжьыр тогушхуэри и къуэм Марьян и Iэхъум щхьэкlэ йопсалъэ, хъыджэбзым и насыпэ зэпыбуд зэрымыхъунур жреIэ, ауэ пщым ар ауи къыфIэIуэхуркъым. «Абы теухуауэ афIэкlа фыкъызэмыпсалъэ. Сэ жысIам сытекIынукъым. Инэрокъуэпщlым и къуэр къыльхьхуну хъыбар къыслъагъэкlащ, абы естынущ. Дэ тхуэфэщэн лъэпкъщ аxэр», - жи.

Къазбэч хэкlыпIэ куэдым йогупсыс, фIыуэ илъагъур псэгъу хуащlын щхьэкlэ икIи мурад ещI Марьян и дэлъхум зыхуигъаззу я Iэхъу зытетыр хуиIуэтэну. И адэ-анэм яфIэмыкъабыллми, абыхэм я арэзыныгъэ къыаIехри, Къазбэч и ныбжьыгъу щlалэ дэщlыгъуу, гъуэгу тохьэ.

Бэлэтокъуэпщlым и унэм щынэсым джэгушхуэ ящlу ирохьэлIэ. Къазбэч и Iэр Марьян и дэлъхум хуищlри щхьэкlэ, пщlым и Iэр мюдрейр Iумпэм зэрищlыр игъэлъагъуэу, сэлам къиримыхьжу и Iэр шиящу кьеГьанэ. Ауэрэ щlалитIыр зэныкъуэкъым хуокIуэ, итIанэ къамэ кьихакlэ зозаду. Къазбэчрэ и ныбжьэгъумрэ яубэрэжьри, лъпсыр къапыжу гуэным щlадзэж. Марьян къэхуар щыхуIаутэм, зыми къамыщlэу гуэным макIуэ, Iэнкlыбэзэр Iуехри, яубыда щlалитIыр къеутIыпщlыж. Ахэр къригъэжьэжьын и пэ хъыджэбзым Къазбэч къыжреIэ а махуэм я насыпым кlэ игъэутауэ къыззрильытэр. А псалъэхэр Къазбэч и жагъуэ хъуами, и фIэщ хуэмыщlу ежьэжащ.

Щlалэхэр я унэ мыкIуэжу я уIэгъэхэр ягъэхъужащ. Я Iэхухэр адэкlэ зэрыхъунур зэрагъэзахуэу мэзым щlэту макъыщхуэ зэхахащ. Ар къыздиIукlымкlэ кIуэрэ пльэмэ, Бэлэтокъуэпщlым осетин абрэджьэр

Ари иджыри щхьэ темыкIуэфахэм ящыщщ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкlэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкlэ зэхьэзэхуэм и иужьрей джэгуГъуэм кIрикIуа бжыгъэхэм: **«Керт»** (Къэхъуэн) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (Хьэтlохъущыкъуей) - **5:1**, **«Велес-СДЮСШОР»** (Къэрэгъэш) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **1:1**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **0:0**, **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **3:3**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **3:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **6:1**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«ГорИс-179 Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **5:1**.

КьыклэлъыкIуэ джэгуГъуэм щызэIуцIэнущ «ГорИс-179 Прохладнэ»-«Тэрч», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Велес-СДЮСШОР», «Родник» - «Автозапчасть», «Псыгуэнсу» - «Къундетей», «Нарт» - «Бедик», «Бахъсэн» - «Союз», «ЛогоВАЗ» - «Керт», «Псыкуэд» - «Жулдуз» - командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщlекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	12	11	1	0	65-6	34
2.	«Тэрч»	12	9	0	3	27-10	27
3.	«Союз»	12	7	2	3	38-24	23
4.	«Бедик»	12	7	2	3	24-11	23
5.	«Псыкуэд»	12	6	4	2	29-20	22
6.	«Нарт»	12	6	3	3	28-16	21
7.	«Керт»	12	6	3	3	32-19	21
8.	«Псыгуэнсу»	11	5	3	3	24-19	18
9.	«Велес-СДЮСШОР»	12	5	2	5	23-25	17
10.	«ЛогоВАЗ»	12	5	1	6	23-23	16
11.	«Родник»	12	3	4	5	21-27	13
12.	«Къундетей»	12	3	2	7	19-31	11
13.	«ХьэтIохъущыкъуей»	12	2	2	8	14-35	8
14.	«Бахъсэн»	12	2	1	9	16-46	7
15.	«Жулдуз»	11	0	3	8	12-44	3
16.	«ГорИс-179»	12	0	3	9	10-49	3

Бахъсэндэсхэм я зэпэщIэтыныгъэр кIащхьэт

● Футбол

Ди республикэм футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм япэ зэIуцIэхэм щегъэжьауэ бжьыпэр быдзу щыIыхьэм «Автозапчасть»-мрэ къыкIэрыхуэм яхэт «Бахъсэнымрэ» КъБР-м и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм щызэхуэзат. Абы кърикIуэнур, дауи, гурыIуэгъуэт.

ФУТБОЛЫМКIЭ республикэ зэхьэзэхуэм зэгъусу хэт Бахъсэн къэлэм я командитIым ижь илъэсхэм я зэфIэкIэхэр хуабжьу зэщхьэщоКI. «Автозапчасть»-р илъэс кьаскlэ увыпIэ лъагэхэм екъуIэнэигъэкlэ щlэбэнмэ, «Бахъсэныр» нэхъыбэу зыщlэхъуэпсыр гуп нэхъыщхьэм къызэрыхъэнэращ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэми Iэхъур зырыщlыщытыр апхуэдэущ. Дауи, а IуIм я зэIуцIэм зэпэщIэтыныгъэ гуащIэ щыIэну фIэщущlыгъуейт. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хьэлэмэт лъэпкъ къэхуакъым икIи, «зы гъуэм тесу» джэгур екIуэкIри, зыхуагъэфащэм текIуэныгъэр бжыгъэшхуэкlэ ихьащ.

ИпэжьIэкlэ жыпIэмэ, мы гъэми республикэм футболымкlэ и чемпион хъунур, ар иухьныи иджыри мазитху иIэжу, ущыуэнкlэ щlагъуэу умышlину, пхужыIэнущ. «Автозапчасть»-р джагупIэ губгъуэм къыщlокlэкlэ адрейхэр зэлъпIыкIуэтурэ, гъэзгу ирату къыпщlохьэ. Хуэфэщэну абы пэщlэтыфар Къэхъун и «Керт»-м и закъуэщ, очкоитI и стадионым щыфIигъэкIуэдри. Адрейхэм топ тхурытху-хырых къызэрыхъдагъэкlыну хуэхъэзыру джэгур зэхуэблэм ярейщ. Гъэхьар зы щlэтIкlэм КъБР-м и чемпионатым и хьэлэмэтагъыр хэпщlыкIыну егъэкIуэд. Арщхьэкlэ абыкlэ «Автозапчасть»-м сыт и лажьэр?! Адрейхэм зыкъыкlэрамыгъэхун, хуэфащэну пашэм япэщlэтын хуейуа ара?

Зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щызыIыгъ «Тэрчыр» «Автозапчасть»-м иджыпсту очкоипщlкlэ къыкIэроху. Арщхьэкlэ, Джылахъстэнейм и командэри, адрейхэри бжьыпэр зыIыгъым зрапщытыфыну фэ ятетхыным.

Нэхъ гугъу йохь къыкIэрыхуэр. Абыхэм дэтхэнэ зы очкори фо Iэмыщlэм хуэдэу елIэIапIэ зэхуахьэс, арщхьэкlэ ижь увыпIэхэр ябгынэфыркъым. Мис ар гугъуэри «Жулдуз»-мра «Родник»-мрэ зэхуэзати, хьэсэнейдэсхэм япэ текIуэныгъэр кьащlащхьэну махуэр ягъэIэпхъащ икIи зыIэрадзэжгъэ зэхьэзэхуэм зы щlэтIкlэм Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкlэ зэрыщlекIуэкIыр ящlыщ.

Адэкlэ щыгъуазэ фыхуэтщlынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм щекIуэкlэ зэхьэзэхуэм и иужьрей джэгуГъуэм кIрикIуа бжыгъэхэм: **«Керт»** (Къэхъун) - **«ХьэтIохъущыкъуей»** (Хьэтlохъущыкъуей) - **5:1**, **«Велес-СДЮСШОР»** (Къэрэгъэш) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **1:1**, **«Бедик»** (Аргудан) - **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **0:0**, **«Жулдуз»** (Хьэсэней) - **«Родник»** (Псынэдахэ) - **3:3**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Псыкуэд»** (Псыкуэд) - **3:3**, **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **6:1**, **«Союз»** (Сэрмакъ) - **«ГорИс-179 Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **5:1**.

КьыклэлъыкIуэ джэгуГъуэм щызэIуцIэнущ «ГорИс-179 Прохладнэ»-«Тэрч», «ХьэтIохъущыкъуей» - «Велес-СДЮСШОР», «Родник» - «Автозапчасть», «Псыгуэнсу» - «Къундетей», «Нарт» - «Бедик», «Бахъсэн» - «Союз», «ЛогоВАЗ» - «Керт», «Псыкуэд» - «Жулдуз» - командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Абы дегъэпIейтей

Акъылыр зыгъэутхъуэр зыщэхэм ебэнын

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIыжьыр кIэлъплъыныгъэкIэ и управленэм (УНК) щызэхалъхьэжащ «Ди сабийхэм я узынщагъэмрэ щынагъуэнщагъэмрэ папщIэ» зыфIаща лэжьыгъэм и япэ Iыхьэм къыкIуаехр.

КъБР-м щыIэ МВД-м, республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щlэныгъэмрэ щlалэгъуалэм я Iэхъуэхэмкlэ и министерствэм, КъБР-м Узынщагъэмкlэ и министерствэм зэгъусэу къызэрагъэпэща Iэхъумкlэ я мурадыр ныбжьыщIэхэмрэ щlалэгъуалэмрэ наркотикым пэIэщlэ щlыныщ, абы Iейм узэрыхуишэнур къагурыIуэным адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэр, жылагъуэр къыхэшэныщ.

ИрагъэкIуэкIа лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэльащ зи цlэ къыпIуа Iэхъущlапlэхэм я лIыкIуэхэр. Гульытэ хэха хуащlащ наркотикым зэрыпэщlэт Iэхъуэгъуэхэр республикэм и курыт Iэщlагъэ щрагъэгъуэт, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щегъэжьауэ щlэгъэкIуэкIыным. «Не допусти беды!», «Проблемы и опасности современного школьника» зэхуэсхэм къхрихьэлIащ еджакIуэхэм я адэ-анэ мини 10-м щIигъу.

Iэхъур щрагъэкIуэкIым полицейскэм къапщытащ щlалэгъуалэм я зэхуэсхэм, аптекэхэр, сату щlапlэхэр, медицинэм кьащlамыгъэсэбэп наркотикхэкI, акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъэхэр зыщlэжмэ зэзэхьэлIэхэмрэ къыщlагъэщын папщlэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iэхъущlапlэм щыгъуазэ дыззэрищlамкlэ, Iэхъум хиубыдэу рейд 276-рэ ирагъэкIыжащ. Хабзэншагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэралэжьам кьыхэкIыу, ОВД-м и Iэхъущlапlэхэм балигъ мыхъуа ныбжьыщIи 198-рэ ирагъэIащ, абыхэм ящыщу 128-р школакIуэщ. КIэрыутIыпщ хъуа ныбжьыщIэ 64-рэ хьахутати, абыхэм ящыщу 14-р сымаджэщхэм, 25-р социальнэу хъумэнымкlэ Iэнатlэхэм яшащ.

Протокол 684-рэ ятхащ. Абыхэм ящыщу 578-р сабийхэр гъэсэныкlэ я къалэнхэр зымыгъэзащlэ адэ-анэхэмрэ абыхэм я пщэрылъхэр зыгъэзащlэхэмрэ яхуэгъэзащ. 584-м ятеухуа дэфтэрхэр ягъэхьэзыри, Балигъ мыхъуахэм я Iэхъуэхэмкlэ, абыхэм я хуитныныгъэхэр хъумэныкlэ комиссэм Iэрагъэхьащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УНК-м и унафэщlым и къалэнхэр пIалъэкlэ зыгъэзащlэ, полицэм и полковник Дудар Виталий лэжьакIуэ гупым хэтхэр къыхуриджащ наркотикхэкIэр зэзыхьэлIэхэм, зыщlэхэмрэ къэзыщlэхухэмрэ ткIийуэ япэщlэтыну, Iэмалу щыIэм я нэхъыфIэр щlагъэсэбэпыну.

- Мы Iэхъур зэрыхьэлъэр, наркотикыр лъэпкъым, жылагъуэм я узынщагъэмкlэ шынагъуэ дыдзу зэрыщlытыр зыхьыдощlэ икIи къыдгуроIуэ зыщlедгъэзэ зэрымыхъунур, дызэкъуэту а Iейм дыпэщlэувэн зэрыхуейр, - къыхигъэщащ Дудар Виталий.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Аруан щыналъэ

Бжьыпэр зыубыдахэр

Нарткъалэ щекIуэкIащ ракетомодель спортымкIэ зэхьэзэхуэхэр.

АХЭР IЫХЬИЩУ гуэшат: Урысейм и первенствэ, дунейпсо Кубокым и зы теуэгъуэ, Королевым и Кубок. Зэпеуэхэм хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ Нало Залым и щlэр зэрихьэу техник ныбжьыщIэхэм я станц Нарткъалэ дэтым и гъэсэнхэм. Апхуэдэу иджыблагъэ Нарткъалэ щекIуэкIащ хуиту къэзылъэтыхь авиамоделхэмкlэ школакIуэхэм я республикэ-псоу зэпеуэ. Мы Iэхъумкlи СЮТ-м и гъэсэнхэм зыри къатемыкIуэу бжьыпэр яубыдащ: пэз увыпIэр къихьащ Омельченкэ Андрей, етIуанэр - Демин Андрей. НэхъыщIэхэм я зэхьэзэхуэм Абросимов Данил щытекIуащ. Таймер моделхэмкlэ зэпеуэм япэ увыпIэр щиубыдащ Джатокъуэ Жамболт.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Тхылъыщlэ

Балъкъэрхэр егъэлъапIэ

«Балкария сквозь века» - араща фIищар балъкъэрыбзэкlэ къыдэкI «Заман» газетым и лэжьакIуэ Османов Хьисэ иджыблагъэ и Iэдакъэ къыщlэкIа тхылъ-альбомым.

«БАЛИГЪ сызэрыхьурэ гур зыхуэпабгъэ си хъуэпсапIэт ар», - жеIэ илъэс 15-кlэ абы елэжьа Хьисэ.

Псыхуабэ щыIэ «Снег» тхылъ тедзапIэм къыщыдагъэкIа альбомыр лъэпкъ тхыдэм напэкIуэцI щыхэуэу зэрыхэувэнур наIуэу, ар екIуу ящlащ. Хьисэ тхылъыр тыгъэ зыхуищlа и лъэпкъэгъуэм зарызахуигъаз псалъэм къыкIэлъэкIуэ XIX - XX лIащlыгъуэхэм траха сурэт гъэтIыпIыгъэхэр. Къуршыльэхэм игушэуз иса балъкъэр жылагъуэхэм пасэ зэманыжьым щытраха сурэтхэр гъэщlэгъуэныщlэ: къурш жьанэхэм щыхуэцlкIуэ мэл хъушэхэр, псэупIэ унэхэр, псыкъельэхэр. Тхылъеджэхэр димыхъэхинкlэ Iэмал иIэкъым Iуащхьэмахуэ и теплъэм. Ауэ псом нэхъро нэхъ гъэщlэгъуэныр лъэпкъэ зэмылIэужьыкIэхэр абы зэрадежэр зэрызэхуэхьсарщ. Псори зэхэту ахэр 30-м нос икIи дэтхэнэми кьегъэнатуэ Iуащхьэмахуэ ехьэлIа щэху гуэр.

Холам, Бешэнги, Шэджэм, Бахъсэн «обществэхэм» щынэсым, Османовым жылагъуэхэр щlипсэуэ щыIэхэр щыбзыхуэ картэхэр щIигъужащ. Апхуэдэу къиГъэльэгъуащ щlыпIэр зи псэупIэу щытахэр.

Альбомым итщ балъкъэр ужьыгъуэхэр щlэрыIуэхэу Шахановым Басият, Боташев Къубадий, Жанхотов Бийберд, Абаев Асльэнбэч, нэгъуэщlхэри я сурэтхэмрэ тхыгъэхэмрэ.

Тхылъыр экземпляр 500 хъууэ дунейм кьытехьащ, тхыдэ щlэинхэр хъумэным теухуа Iэхъуэхэр зыгъэкIуатэ «АССИЯ» фондым и мылъкукIэ.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэм гущlыхьэ ящыхъуащ анэ бынифIэ, «Анагъэм и щlыхь» дамыгъэр зыхуагъэфэща бзылъхугъэ щlыпкъэ **Щэрдан ФатIимэ Мурид и пхъур** дунейм зэрехьжар икIи абы и унагъуэм, благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къанщокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжьмрэ редакцэмрэ я хэщlапIэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iэхъуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iэхъущlапlэхэм ядлэжьэныкlэ - 42-60-53; хъыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкlэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщlыхьа бжьыгъэхэм, къыщlэта Iэхъугъуэхэм я пэжагъымкlэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдыгъазэм и 19-м Печатным и хуитныныгъэр хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Iэхъущlапlэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ТекIужь Заретэ,** *корректорхэру* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 5, 6-нэ нап.), корректорхэм я дзэныкъуагъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ* **Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.723 ● Заказ №744